

TI LIV POU MANM PLAN SANTE FLORIDA MEDICAID



Ti liv pou manm yo

1^{ye} jiyè 2021


AmeriHealth Caritas
Florida

www.amerihealthcaritasfl.com

If you do not speak English, call us at **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. We have access to interpreter services and can help answer your questions in your language. We can also help you find a health care provider who can talk with you in your language.

Spanish: **Si usted no habla inglés**, llámenos al **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Ofrecemos servicios de interpretación y podemos ayudarle a responder preguntas en su idioma. También podemos ayudarle a encontrar un proveedor de salud que pueda comunicarse con usted en su idioma.

French: **Si vous ne parlez pas anglais**, appelez-nous au **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Nous avons accès à des services d'interprétariat pour vous aider à répondre aux questions dans votre langue. Nous pouvons également vous aider à trouver un prestataire de soins de santé qui peut communiquer avec vous dans votre langue.

Haitian Creole: **Si ou pa pale lang Anglè**, rele nou nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Nou ka jwenn sèvis entèprèt pou ou, epitou nou kapab ede reponn kesyon ou yo nan lang ou pale a. Nou kapab ede ou jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki kapab kominike avèk ou nan lang ou pale a.

Italian: Se non parli inglese chiamaci al **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Disponiamo di servizi di interpretariato e siamo in grado di rispondere alle tue domande nella tua lingua. Possiamo anche aiutarti a trovare un fornitore di servizi sanitari che parli la tua lingua.

Russian: **Если вы не разговариваете по-английски**, позвоните нам по номеру **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. У нас есть возможность воспользоваться услугами переводчика, и мы поможем вам получить ответы на вопросы на вашем родном языке. Кроме того, мы можем оказать вам помощь в поиске поставщика медицинских услуг, который может общаться с вами на вашем родном языке.

Kowòdone ki enpòtan

Liy asistans pou manm yo	1-855-355-9800	Disponib 24 sou 24
Nimewo liy asistans TTY pou manm ki pa tande byen yo	1-855-358-5856	Disponib 24 sou 24
Sit Entènèt	www.amerihealthcaritasfl.com	
Adrès	11631 Kew Gardens Avenue, Suite 200 Palm Beach Gardens, FL 33410	

Odyoloji ak aparèy pou tande	HearUSA 1-800-731-3277
Sante konpòtmantal	1-855-371-3967
Swen dantè	Kontakte jesyonè dosye w la dirèkteman oswa kontakte ekip repons rapid nou an nan 1-855-371-8072 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-855-358-5856) pou jwenn èd pou resevwa sèvis sa yo.
Swen sante lakay, pèfizyon lakay ak ekipman medical dirab (DME)	Coastal Care Services 1-855-481-0505
Transpò medikal ki pa ijan	MTM (Medical Transportation Management, Inc.) 1-855-371-3968
Famasi	PerformRx SM 1-855-371-3963
Vizyon	Premier Eye Care of Florida LLC 1-855-371-3961
Pou rapòte ka kote w sispek yo abize, yo neglige, yo abandone oswa yo esplwate yon timoun oswa yon adilt ki vilnerab	1-800-96-ABUSE (1-800-962-2873) Nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo: 711 oswa 1-800-955-8771 http://www.myflfamilies.com/service-programs/abuse-hotline
Pou konnen si w kalifye pou Medicaid	1-866-762-2237 Nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo: 711 oswa 1-800-955-8771 https://www.myflfamilies.com/service-programs/access/medicaid.shtml
Pou rapòte fwod ak/oswa abi an rapò ak Medicaid	1-888-419-3456 https://apps.ahca.myflorida.com/mpi-complaintform
Pou depoze yon plent pou yon etablisman sante	1-888-419-3450 http://ahca.myflorida.com/MCHQ/Field_Ops/CAU.shtml

Pou mande yon odisyon ekitab nan men Medicaid	1-877-254-1055 1-239-338-2642 (faks) MedicaidHearingUnit@ahca.myflorida.com
Pou depoze yon plent konsènan sèvis Medicaid yo	1-877-254-1055 Nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo: 1-866-467-4970 https://apps.ahca.myflorida.com/smmc_cirts/
Pou jwenn enfòmasyon pou moun ki aje yo	1-800-96-ELDER (1-800-963-5337) http://elderaffairs.state.fl.us/doea/arc.php
Pou jwenn enfòmasyon sou kesyon vyolans nan fanmi	1-800-799-7233 Nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo: 1-800-787-3224 http://www.thehotline.org/
Pou jwenn enfòmasyon sou etablisman sante an Florid	http://www.floridahealthfinder.gov/index.html
Pou jwenn enfòmasyon sou swen rapid	Swen rapid se swen yo bay pou yon pwoblèm sante ki mande yon tretman sou 48 èdtan. Si w pa resevwa okenn tretman pou pwoblèm sante sou de jou oswa mwens, li gendwa vin yon ijans. Si w pa fin konnen si w bezwen swen rapid, tanpri rele liy èd enfimyè nou an, ki disponib 24 sou 24, 7 sou 7, nan 1-855-398-5615 .
Pou yon ijans	911 oswa ale nan sal ijans ki pi pre w la

Lis sijè yo

Kowòdone ki enpòtan	4
Byenveni nan plan sante jere Medicaid pou tout eta a ak AmeriHealth Caritas Florida	7
Seksyon 1: Kat idantifikasyon w pou plan an	8
Seksyon 2: Lavi prive w	8
Seksyon 3: Jwenn èd nan men ekip sèvis pou manm yo	9
Seksyon 4: Èske w bezwen èd pou kominike?	9
Seksyon 5: Sa pou w fè lè enfòmasyon w yo chanje	10
Seksyon 6: Pou konnen si w kalifye pou Medicaid	10
Seksyon 7: Enskripsyón nan plan nou an	11
Seksyon 8: Fason pou kite plan nou an (dezenskripsyón).....	11
Seksyon 9: Fason nou jere swen w yo	13
Seksyon 10: Fason pou jwenn sèvis yo	14
Seksyon 11: Enfòmasyon ki itil konsènan avantaj ou yo.....	16
Seksyon 12: Avantaj ki mache ak plan w lan: sèvis asistans medikal jere	22
Seksyon 13: Satisfaksiyon manm yo.....	42
Seksyon 14: Dwa w yo antanke manm	45
Seksyon 15: Responsablite w yo antanke manm	46
Seksyon 16: Lòt enfòmasyon ki enpòtan	47
Seksyon 17: Lòt resous	49
Seksyon 18: Fòm	51
Avi sou entèdiksyon diskriminasyon	61

Byenveni nan plan sante jere Medicaid pou tout eta a ak AmeriHealth Caritas Florida

AmeriHealth Caritas Florida pase yon kontra ak Ajans Florid pou administrasyon swen sante a (Florida Agency for Health Care Administration) (Ajans lan) pou bay benefisyè Medicaid yo sèvis swen sante. Yo rele sa **pwogram swen jere Medicaid pou tout eta a (Statewide Medicaid Managed Care, SMMC)**. Ou enskri nan plan SMMC nou an. Sa vle di n ap ba w sèvis Medicaid. N ap travay ak yon gwoup pwofesyonèl sante pou satisfè bezwen w yo.

Gen anpil kalite sèvis Medicaid ou ka resevwa nan pwogram SMMC a. Ou ka resevwa sèvis sa yo, tankou vizit kay doktè, analiz nan laboratwa ak swen ijans, nan men yon plan **asistans medikal jere (Managed Medical Assistance, MMA)**. Si w se yon adilt ki aje oswa ki andikape, ou ka resevwa sèvis nan yon etablisman swen enfimye, sèvis lakay ak sèvis kominotè atravè yon plan **swen alontèm (Long-Term Care, LTC)**. Si w gen kèk kalite pwoblèm sante, tankou SIDA, ou ka resevwa swen yo mete sou pye pou satisfè bezwen w yo nan yon plan **espesyalize**.

Si ptit ou enskri nan pwogram Florida KidCare **MediKids**, pifò enfòmasyon ki nan ti liv sa a ap aplike nan ka pa w. Si gen kèk enfòmasyon ki pa aplike, n ap fè w konn sa.

Ti liv sa a se pral gid ou pou tout sèvis swen sante ki disponib pou ou. Ou ka poze nou nenpòt kesyon, epi ou ka mande nou èd pou pran randevou ou bezwen yo. Si w bezwen pale avèk nou, annik rele nou nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-855-358-5856)**.

Seksyon 1: Kat idantifikasiyon w pou plan an

Nòmalman, ou te resevwa kat idantifikasiyon w lan pa lapòs. Si w pa t resevwa kat la oswa si enfòmasyon ki sou li yo pa kòrèk, ban nou yon koutfil. Chak moun nan fanmi w ki enskri nan plan nou an ta dwe gen pwòp kat idantifikasiyon pa l la.

Ou dwe mache ak kat idantifikasiyon w lan sou ou toutan, epi ou dwe montre l chak lè w al nan randevou w yo pou swen sante. Pa janm bay okenn lòt moun itilize kat idantifikasiyon w lan. Si w pèdi kat la oswa si yo vòlè l nan men w, rele nou pou n ka voye w yon nouvo kat.

Men ki jan kat idantifikasiyon w lan ye:

 <p>DOE, JOHN ID 1234567890 DOB 01/01/01 EFFECTIVE 00/00/00</p>	<p>BIN number 600428 Group number 07550000</p> <p>PRIMARY DOCTOR Dr. John Smith (ABC Family Practice) 123 Main Street Anytown, Florida 12345</p> <p>PHONE 1-XXX-XXX-XXXX www.amerihealthcaritasfl.com</p>	<p>Emergency room (ER): Call 911 or go to the nearest ER and contact your primary care provider (PCP) the next business day. Hospitals: All non-emergency admissions must have prior authorization. Call 1-855-371-8074. Nonparticipating providers: Non-ER visits require prior authorization. Call 1-855-371-8074.</p> <table border="1"><tr><td>Member Services</td><td>1-855-355-9800</td></tr><tr><td>Member Services TTY</td><td>1-855-358-5856</td></tr><tr><td>24-hour Nurse Call Line</td><td>1-855-398-5615</td></tr><tr><td>DME/Home Health/Home Infusion</td><td>1-855-481-0505</td></tr><tr><td>Vision</td><td>1-855-371-3961</td></tr><tr><td>Pharmacy</td><td>1-855-371-3963</td></tr><tr><td>Behavioral health</td><td>1-855-371-3967</td></tr><tr><td>Transportation services</td><td>1-855-371-3968</td></tr><tr><td>Provider Services</td><td>1-800-617-5727</td></tr></table> <p>Submit electronic claims to: Change Healthcare Payer ID 77003</p> <p>Submit paper claims to: AmeriHealth Caritas Florida, P.O. Box 7367, London, KY 40742 Main office: AmeriHealth Caritas Florida, 11631 Kew Gardens Ave., Suite 200, Palm Beach Gardens, FL 33410</p>	Member Services	1-855-355-9800	Member Services TTY	1-855-358-5856	24-hour Nurse Call Line	1-855-398-5615	DME/Home Health/Home Infusion	1-855-481-0505	Vision	1-855-371-3961	Pharmacy	1-855-371-3963	Behavioral health	1-855-371-3967	Transportation services	1-855-371-3968	Provider Services	1-800-617-5727
Member Services	1-855-355-9800																			
Member Services TTY	1-855-358-5856																			
24-hour Nurse Call Line	1-855-398-5615																			
DME/Home Health/Home Infusion	1-855-481-0505																			
Vision	1-855-371-3961																			
Pharmacy	1-855-371-3963																			
Behavioral health	1-855-371-3967																			
Transportation services	1-855-371-3968																			
Provider Services	1-800-617-5727																			

Seksyon 2: Lavi prive w

Nou bay lavi prive w anpil enpòtans. Ou gen yon seri dwa an rapò ak pwoteksyon enfòmasyon sante w yo, tankou non w, nimewo idantifikasiyon plan w lan, ras ou, gwoup etnik ou ak lòt bagay ki idantifye w. Nou pap pataje okenn enfòmasyon sante sou ou si lalwa pa pèmèt sa.

Si w gen kesyon, rele ekip sèvis pou manm yo. Men ki règleman ak pwoteksyon nou mete sou pye nan domèn konfidansyalite:

Konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante w yo se yon gwo priyrite pou AmeriHealth Caritas Florida. Se sa k fè nou pran anpil prekosyon pou n pwoteje e pou n sèvi ak enfòmasyon sante w yo kòmsadwa. Enfòmasyon sante ki soti nan men w ak nan men doktè w yo, lopital yo ak lòt pwofesyonèl ak etablisman sante, se enfòmasyon sante ki pwoteje yo rele yo, kit yo transmèt yo nan bouch, kit yo bay yo pa ekri, kit yo sou fòma elektwonik. AmeriHealth Caritas Florida mete sou pye yon seri règleman ak dispozitif sekirite pou pwoteje enfòmasyon sa yo ak fason nou itilize yo. An jeneral, nou ka sèvi ak yo pou:

- Ba w tretman.
- Ba w avantaj.
- Ede ekip sante w trete w epi ede l resevwa peman yo.
- Kowòdone peman yo ak lòt konpayi asirans.
- Evalye e amelyore sèvis nou yo.

Epitou, nou ka itilize e nou ka pataje enfòmasyon sante w yo selon sa lalwa egzije oswa selon sa règleman AmeriHealth Caritas Florida yo mande. Règ konfidansyalite, sekirite ak notifikasyon vyolasyon yo, ki fè pati Iwa Health Insurance Portability and Accountability Act gouvènman an adopte an 1996 (HIPAA), se prensipal Iwa federal ki la pou pwoteje enfòmasyon sante w yo. Règ konfidansyalite an ba w yon seri dwa an rapò ak enfòmasyon sante w yo. Epitou, Règ konfidansyalite a mete kèk limit sou fason nou ka itilize ak fason nou ka pataje enfòmasyon sante w yo ak lòt moun. Règ sekirite a endike fason nou dwe pwoteje enfòmasyon sante w yo grasa yon seri mwayer administratif, teknik ak fizik. Si w gen kesyon sou fason nou pwoteje enfòmasyon w yo, konsilte avi sou pratik konfidansyalite nou an ki fè pati dosye akèy la. Epitou, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-855-358-5856)**.

Seksyon 3: Jwenn èd nan men ekip sèvis pou manm yo

Depatman sèvis pou manm yo ka reponn tout kesyon w yo. Nou ka ede w chwazi oswa chanje pwofesyonèl swen sante primè w (Primary Care Provider, PCP), fè w konnen si plan an ap peye pou yon sèvis, fè w jwenn rekòmandasyon pou al kay espesyalis, ranplase kat idantifikasiyon w lan si w pèdi l, rapòte nesans yon tibebe epi esplike w nenpòt chanjman ki gendwa afekte avantaj ou menm oswa fanmi w resevwa yo.

Kontakte ekip sèvis pou manm yo

Ou ka rele nou nan **1-855-355-9800, oswa nan nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo 1-855-358-5856**, lendi pou vandredi, soti 8:00 nan maten rive 7:00 diswa, sof nan jou fèt ofisyèl yo (tankou jou Nwèl la ak jou Thanksgiving lan). Lè w rele, asire w ou gen kat idantifikasiyon w lan avè w pou n ka ede w (si w pèdi kat idantifikasiyon w lan oswa si yo vòlè l nan men w, rele ekip sèvis pou manm yo).

Kontakte ekip sèvis pou manm yo lè biwo yo fèmen

Si w rele lè biwo yo fèmen, tanpri kite yon mesaj. N ap rele w bak nan pwochen jou biznis. Si w gen yon kesyon ki ijan, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-855-358-5856)**. Enfimyè nou yo disponib pou ede w 24 sou 24, 7 sou 7.

Seksyon 4: Èske w bezwen èd pou kominike?

Si w pa pale anglè, nou ka ede w. Nou gen moun ki ede nou pale avè w nan lang pa w. Nou bay èd sa a gratis.

Pou moun ki andikape yo: Si w sèvi ak yon chèz woulant, si w avèg, si w gen difikilte pou tande oswa pou konprann, rele nou pou jwenn plis èd. Nou ka fè w konnen si biwo yon pwofesyonèl sante adapte pou chèz woulant yo oswa si l gen dispozitif pou ede moun kominike. Epitou, nou gen sèvis tankou:

- Sèvis relè telekomunikasyon (Telecommunications Relay Service). Sèvis sa a ede moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale lè yo bezwen kominike nan telefòn. Rele 711 epi bay yo nimewo telefòn ekip sèvis pou manm yo. Nimewo a se **1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-855-358-5856)**. Y ap mete w an kontak ak nou.

- Enfòmasyon ak dokiman nan gwo karaktè, nan fòma odyo (son) ak nan bray.
- Èd pou pran randevou w yo oswa pou al nan randevou w yo.
- Non ak adrès pwofesyonèl sante ki espesyalize nan andikap ou a.

Nou ba w tout sèvis sa yo gratis.

Seksyon 5: Sa pou w fè lè enfòmasyon w yo chanje

Si youn nan enfòmasyon pèsonèl ou yo chanje, fè nou konn sa osito sa posib. Ou ka rele ekip sèvis pou manm yo pou sa. Nou dwe anmezi pou n kontakte w pou tout sa ki gen rapò ak bezwen w yo nan domèn swen sante.

Depatman timoun ak fanmi an (Department of Children and Families, DCF) bezwen konnen lè non w, adrès ou, konte w oswa nimewo telefòn ou chanje tou. Rele DCF na nimewo gratis **1-866-762-2237 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-800-955-8771)** lendi pou vandredi, soti 8:00 nan maten rive 5:30 nan aprèmidi. Epitou, ou ka ale sou sit Entènèt la epi fè chanjman ki nesesè yo sou kont Automated Community Connection to Economic Self Sufficiency (ACCESS) pa w la nan adrès <https://dcf-access.dcf.state.fl.us/access/index.do>. Epitou, ou ka kontakte Administrasyon sekirite sosyal la (Social Security Administration, SSA) pou rapòte chanjman an. Rele SSA nan nimewo gratis **1-800-772-1213 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-800-325-0778)**, lendi pou vandredi, soti 7:00 nan maten rive 7:00 diswa. Epitou, ou ka kontakte biwo sekirite sosyal ki nan zòn kote w rete a oswa ale sou sit Entènèt la epi fè chanjman ki nesesè yo sou kont sekirite sosyal pa w la nan adrès <https://secure.ssa.gov/RIL/SiView.do>.

Seksyon 6: Pou konnen si w kalifye pou Medicaid

Pou ale nan randevou w yo pou swen sante e pou AmeriHealth Caritas Florida ka peye pou sèvis ou yo, ou sipoze gen Medicaid e ou sipoze enskri nan plan nou an. Yo rele sa **kalifye pou Medicaid**. Se DCF ki deside si yon moun kalifye pou Medicaid.

Pafwa, ka gen kèk bagay ki chanje nan lavi w epi chanjman sa yo ka fè w vin kalifye pou Medicaid oswa yo ka fè w pa kalifye ankò. Li enpòtan anpil pou w verifye si w gen Medicaid anvan w al nan randevou w yo. Menm si w gen yon kat idantifikasyon anba plan an, sa pa vle di ou toujou gen Medicaid. Pa bay tèt ou pwoblèm! Si w panse sitiyasyon w chanje parapò ak Medicaid oswa si w gen lòt kesyon sou Medicaid, rele ekip sèvis pou manm yo e nou ka ede w tcheke sa.

Si w vin pa kalifye pou Medicaid ankò

Si w vin pa kalifye pou Medicaid ankò, lèfini ou vin kalifye ankò sou 180 jou, n ap enskri w nan plan nou an ankò.

Si w gen Medicare

Si w gen Medicare, kontinye itilize kat idantifikasyon Medicare w la lè w bezwen sèvis medikal (tankou lè w al kay doktè oswa lè w al lopital), men bay pwofesyonèl sante a kat idantifikasyon plan Medicaid ou a tou.

Si w ansent

Si w gen yon bebe, l ap enskri nan plan nou an apati dat nesans li. Rele ekip sèvis pou manm yo pou fè nou konnen bebe w fèt e n ap fè tout sa ki nesesè pou l enskri nan plan an e pou l jwenn Medicaid tousuit.

Li t ap bon si w te fè nou konnen ou ansent anvan bebe w fèt pou asire w bebe w jwenn Medicaid. Rele DCF nan nimewo gratis **1-866-762-2237** pandan w ansent. Si w bezwe èd pou pale ak DCF, ban nou yon koutfil. DCF pral fè sa ki nesesè pou bebe w jwenn Medicaid nan jou li fèt la. W ap resevwa yon nimewo Medicaid pou bebe w. Fè nou konnen nimewo Medicaid bebe w la kou w jwenn li.

Seksyon 7: Enskripsyon nan plan nou an

Lè w enskri nan plan nou an pou premye fwa, w ap gen 120 jou pou eseye plan an. Si w pa renmen l pou kèlkeswa rezon an, ou ka enskri nan yon lòt plan SMMC nan rejyon sa a. Kou 120 jou sa yo fin pase, w ap enskri nan plan nou an pou rès ane a. Lè sa a, nou di ou **bloke** nan yon plan. Chak ane ou gen Medicaid, lèfini ou nan pwogram SMMC a, w ap gen yon peryòd enskripsyon ouvè.

Peryòd enskripsyon ouvè

Peryòd enskripsyon ouvè a se yon peryòd ki kòmanse 60 jou anvan plan nou an fini pou ane a. Fonksyonè eta a ki responsab enskripsyon yo pral voye w yon lèt pou fè w konnen ou gen posiblite chanje plan si w vle. Yo rele sa peryòd **enskripsyon ouvè** a. Ou pa oblige chanje plan. Si w kite plan nou an pou enskri nan yon lòt, novo plan an ap kòmanse lè w fini ane a nan plan nou an. Kou w enskri nan novo plan an, w ap gen yon lòt 60 jou pou deside si w vle kenbe plan sa a oswa si w pi pito yon lòt plan anvan w vin bloke pou ane a. Ou ka rele fonksyonè ki responsab enskripsyon yo nan **1-877-711-3662 (nimewo TTY pou moun ki pa tandem byen yo se 1-866-467-4970)**.

Seksyon 8: Fason pou kite plan nou an (dezenskripsiyon)

Lè w kite yon plan, yo rele sa **dezenskri**. Si w ta renmen soti nan plan nou an alòske ou bloke, w ap gen pou rele fonksyonè eta a ki responsab enskripsiyo yo. Lalwa pa otorize pèsonn kite yon plan oswa chanje plan pandan peryòd yo bloke a, sof pou kèk rezon espesyal. Moun ki responsab enskripsiyo yo pral mande w pou ki rezon ou vle kite plan an. Moun ki responsab enskripsiyo yo pral fè w konnen si rezon ou bay la pèmèt ou chanje plan.

Ou ka kite plan nou an nenpòt lè pou rezon sa yo (yo rele sa **dezenskripsiyon pou bonjan rezon¹**):

¹ Pou jwenn yon lis ki mansyone tout sitiyasyon kote yon dezenskripsiyon pou bonjan rezon ta posib, tanpri gade règ administratif Florida 59G-8.600:

<https://www.flrules.org/gateway/RuleNo.asp?title=MANAGED CARE&ID=59G-8.600>.

- Nou pa peye pou yon sèvis pou rezon moral oswa pou rezon relijye.
- Ou rete nan yon rezidans asiste, nan yon mezon retrèt oswa nan yon etablisman swen enfimye kote w resevwa swen alontèm, lèfini etablisman sa a pa fè pati rezo nou an ankò alòske l te konn nan rezo nou an.

Mete sou sa, ou ka kite plan nou an pou rezon sa yo, depi ou gentan pase nan pwosesis doleyans ak apèl nou an²:

- Ou resevwa swen move kalite, lèfini Ajans lan gentan egzamine dosye medikal ou e li dakò avè w.
- Ou pa kapab resevwa sèvis ou bezwen yo atravè plan nou an, men ou ka resevwa yo atravè yon lòt plan.
- Ou pa t resevwa sèvis ou te bezwen yo nan lè ou te bezwen resevwa yo san pa t gen bon rezon pou sa.

Si w gen kesyon sou posiblite pou w chanje plan, rele ekip sèvis pou manm yo oswa fonksyonè eta a ki responsab enskripsyon yo nan **1-877-711-3662 (nimewo TTY pou moun ki pa tandé byen yo se 1-866-467-4970)**.

Fason yo gendwa retire w nan plan nou an (dezenskripsyon envolontè)

Ajans lan gendwa retire w nan plan nou an (e pafwa nan pwogram SMMC a nèt) pou kèk rezon. Yo rele sa **dezenskripsyon envolontè**. Men rezon sa yo:

- Ou vin pa kalifye pou Medicaid ankò.
- W al rete deyò zòn sèvis nou oswa deyò eta Florid la.
- Ou fè espre sèvi ak kat idantifikasiyon w lan yon fason ki pa kòrèk oswa ou kite yon lòt moun sèvi ak kat idantifikasiyon w lan.
- Ou ekri fo preskripsiyan.
- Ou menm oswa moun k ap pran swen w lan aji yon fason ki fè l difisil pou n ba w swen.
- W ap patisipe nan pwogram LTC a epi ou rete nan yon rezidans asiste oswa nan yon mezon retrèt ki pa tankou yon kay, lèfini ou refize ale nan yon etablisman ki tankou yon kay.³

Si ajans lan retire w nan plan nou an poutèt ou vyole lalwa oswa akoz konpòtman w, ou pap ka retounen nan pwogram SMMC a.

² Pou konne ki jan w ka mande yon apèl, ale nan seksyon 13 la ki gen tit Satisfaksiyon manm yo, nan paj 42.

³ Dispozisyon sa a konsène moun ki enskri nan pwogram swen alontèm nan sèlman. Si w gen kesyon sou fason etablisman w respekte egzijans federal sa a, tanpri rele ekip sèvis pou manm yo oswa jesyonè dosye w.

Seksyon 9: Fason nou jere swen w yo

Si w gen yon pwoblèm sante oswa yon maladi ki mande plis sipò ak kowòdinasyon, nou gendwa asiyen w yon jesyonè dosye pou travay avè w. Jesyonè dosye w la ap ede w jwenn sèvis ou bezwen yo. Jesyonè dosye a pral travay ak lòt pwofesyonèl sante w yo pou jere swen sante w yo. Si nou asiyen w yon jesyonè dosye, lèfini ou pa vle sa, rele ekip repons rapid la nan **1-855-371-8072 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-855-358-5856)** pou fè nou konn sa.

Si w gen yon pwoblèm ak swen w yo oswa si gen yon bagay ki chanje nan lavi w, fè jesyonè dosye w konn sa e l ap ede w deside si sèvis ou yo bezwen chanje pou w jwenn sipò ou bezwen an.

Fason pou chanje jesyonè dosye w

Si w ta renmen chwazi yon lòt jesyonè dosye, rele ekip repons rapid la nan **1-855-371-8072 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-855-358-5856)**. Gen kèk sitiyasyon kote li ka nesesè pou n chanje jesyonè dosye w la. Si nou ta bezwen fè sa, n ap voye w yon lèt pou fè w konn sa.

Kèk bagay ki enpòtan pou w di jesyonè dosye w la

Si gen yon bagay ki chanje nan lavi w oswa si gen yon sèvis oswa yon pwofesyonèl sante ou pa renmen, fè jesyonè dosye w la konn sa. Ou ta dwe mete jesyonè dosye w la okouran nan sitiyasyon sa yo:

- Ou pa renmen yon sèvis.
- Ou gen pwoblèm ak yon pwofesyonèl sante.
- Sèvis ou yo pa kòrèk.
- Ou jwenn yon nouvo asirans sante.
- Ou ale lopital oswa nan sal ijans lan.
- Moun k ap pran swen w lan pa kapab ede w ankò.
- Yon sitiyasyon chanje nan lavi w.
- Non w, nimewo telefòn ou, adrès ou, oswa konte w chanje.

Demann pou mete sèvis ou yo ann atant

Si yon bagay chanje nan lavi w, lèfini ou bezwen kanpe sèvis ou a(yo) pou yon ti tan, fè jesyonè dosye w la konn sa. Jesyonè dosye w la pral mande w ranpli epi siyen yon fòm pou mete sèvis ou a(yo) ann atant.

Seksyon 10: Fason pou jwenn sèvis yo

Anvan w jwenn yon sèvis oswa anvan w ale nan yon randevou pou swen sante, nou bezwen asire nou se toutbon ou bezwen sèvis sa a e nou dwe verifye si gen bonjan rezon medikal ki fè I nesesè pou ou. Nou rele sa **otorizasyon alavans**. Pou fè sa, nou konsilte antedesan medikal ou yo epi nou egzamine enfòmasyon nou jwenn nan men doktè w oswa nan men lòt pwofesyonèl sante. Se lè sa a nou deside si sèvis la ka ede w. Nou itilize règ Ajans lan bay yo pou pran jan de desizyon sa yo.

Pwofesyonèl ak etablisman sante ki fè pati plan nou an

An jeneral, ou sipoze resevwa swen nan men doktè, lopital, ak lòt pwofesyonèl oswa etablisman sante ki fè pati **rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an**. Rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an se gwooup doktè, terapet, lopital, etablisman ak lòt pwofesyonèl sante ki travay ak nou yo. Ou ka chwazi nenpòt pwofesyonèl oswa etablisman sante ki fè pati rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an. Nou rele sa **libète chwa**. Si w resevwa sèvis nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo nou an, ou ka gen pou peye pou randevou sa a oswa pou sèvis sa a.

W ap jwenn tout pwofesyonèl ak etablisman sante ki fè pati rezo nou an nan lis pwofesyonèl ak etablisman sante nou an. Si w ta renmen resevwa yon kopi lis pwofesyonèl ak etablisman sante a, rele nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tandé byen yo se 1-855-358-5856)** pou mande yon kopi oswa ale sou sit Entènèt nou an nan adrès www.amerihealthcaritasfl.com.

Pwofesyonèl ak etablisman sante ki pa fè pati plan nou an

Gen yon seri sèvis ou ka resevwa nan men pwofesyonèl ak etablisman sante ki pa fè pati rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an. Men sèvis sa yo:

- Sèvis ak founiti planing.
- Sèvis sante prevansyon pou fi, tankou egzamen tete, tès depistaj pou kansè sèvikal, ak swen prenatal.
- Tretman pou maladi moun transmèt nan sèks.
- Swen ijans.

Si nou pa ka jwenn yon pwofesyonèl sante pou sèvis sa yo nan rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an, n ap ede w jwenn yon lòt pwofesyonèl sante ki pa fè pati rezo nou an. Si w vle al kay yon pwofesyonèl sante ki pa fè pati rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an, pa blyie pale sa avèk nou dabò. Si w gen kesyon, rele ekip sèvis pou manm yo.

Plan swen dantè w la ap peye pou pifò sèvis dantè w yo, men plan medikal ou a gendwa peye pou kèk sèvis dantè. Tablo ki anba a ap ede w deside ki plan k ap peye pou yon sèvis.

Kalite sèvis dantè:	Plan swen dantè a ap peye pou li:	Plan medikal la ap peye pou li:
Sèvis dantè	Li peye lè w al kay dantis ou oswa kay iijyenis dantè w	Li peye lè w al kay doktè w oswa kay enfimyè w
Sèvis dantè ki planifye nan yon lopital oswa nan yon sant chirijkal	Li peye pou sèvis dantè dantis ou bay	Li peye pou doktè, enfimyè, lopital ak sant chirijkal

Kalite sèvis dantè:	Plan swen dantè a ap peye pou li:	Plan medikal la ap peye pou li:
Vizit lopital pou yon pwoblèm dantè	<i>Li pa peye</i>	Li peye
Medikaman sou preskripsiyon pou yon vizit pou swen dantè oswa pou yon pwoblèm dantè	<i>Li pa peye</i>	Li peye
Transpò pou ale kote w ap jwenn sèvis dantè oswa pou ale nan randevou w yo	<i>Li pa peye</i>	Li peye

Ki sa m ap gen pou m peye?

Ou ka gen pou peye pou randevou oswa pou sèvis plan an pa peye pou yo. Yon sèvis nou peye pou li a se yon sèvis nou oblige bay anba pwogram Medicaid la. Tout sèvis ki mansyone nan ti liv sa a se sèvis plan an peye pou yo. Sonje, menm si plan an peye pou yon sèvis, sa pa vle di ou pral bezwen sèvis sa a. Ou ka gen pou peye pou sèvis la si nou pa t otorize l alavans.

Si w resevwa yon bòdwo nan men yon pwofesyonèl sante, rele ekip sèvis pou manm yo. Pa peye bòdwo a toutotan ou pokon pale sa ak nou. Nou pral ede w.

Sèvis pou timoun yo⁴

Nou dwe bay manm ki gen ant 0 ak 20 an tout sèvis ki nesesè pou rezon medikal. Lalwa mande sa. Sa konsa menm si nou pa peye pou yon sèvis oswa si sèvis la gen yon limit. Depi sèvis pitit ou bezwen an se yon sèvis ki nesesè pou rezon medikal, sèvis la:

- Pa gen limit sou kantite kòb li koute a.
- Pa gen limit sou kantite tan li ka dire a, tankou yon kantite èdtan oswa yon kantite jou maksimòm.

Pwofesyonèl sante w la ka bezwen mande nou yon otorizasyon anvan li bay pitit ou sèvis la. Rele ekip sèvis pou manm yo si w vle konnen ki jan w ka mande sèvis sa yo.

Sèvis kote se sistèm peman pou sèvis Medicaid ki peye pou yo men se pa AmeriHealth Caritas Florida ki peye pou yo

Pwogram sistèm peman pou sèvis Medicaid la responsab pou peye pou sèvis sa yo olye se AmeriHealth Caritas Florida ki peye pou yo:

- Analiz konpòtmantal.
- Pwogram ranbousman sètifye County Health Department (CHD).
- Egzanpsyon pou sèvis lakay ak sèvis kominotè nan kad bidjè endividyle pou moun ki gen andikap devlòpmantal (iBudget).
- Egzanpsyon pou sèvis lakay ak sèvis kominotè pou moun ki gen dizotonomi familyal.
- Medikaman pou faktè emofili.

⁴ Yon lòt non yo bay yo se “Tès depistaj, dyagnostik ak tretman ki fèt bonè e ki fèt yon fason ki peryodik” (Early and Periodic Screening, Diagnosis, and Treatment, oswa “EPSDT”).

- Sèvis nan etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl (ICF/IID)
- Pwogram ranbousman lekòl sètifye Medicaid (MCSM)
- Egzanpsyon modèl pou sèvis lakay ak sèvis kominotè
- Sèvis odisyon pou tibebe ki fèk fèt
- Swen pwolonje pedyatrik ki preskri
- Pwogram ranbousman konte pou abi sibstans

Paj Entènèt ajans sa a bay detay sou chak sèvis ki mansyone anwo a ak sou fason pou jwenn sèvis sa yo: http://ahca.myflorida.com/Medicaid/Policy_and_Quality/Policy/Covered_Services_HCBS_Waivers.shtml.

Objeksyon moral oswa reliye

Si nou pa peye pou yon sèvis pou yon rezon moral oswa reliye, n ap fè w konnen nou pap peye pou sèvis la. Nan ka sa a, ou dwe rele fonksyonè eta a ki responsab enskripsyon yo nan **1-877-711-3662 (nimewo TTY pou moun ki pa tandé byen yo se 1-866-467-4970)**. Fonksyonè ki responsab enskripsyon yo ap ede w jwenn yon pwofesyonèl sante pou sèvis sa yo.

Seksyon 11: Enfòmasyon ki itil konsènan avantaj ou yo

Fason pou chwazi yon pwofesyonèl swen sante primè (Primary Care Provider, PCP)

Si w gen Medicare, tanpri rele nimewo ki sou kat idantifikasyon Medicare w la pou jwenn enfòmasyon sou PCP ou.

Youn nan premye bagay ou ta dwe fè lè w enskri nan plan nou an se chwazi yon PCP. Moun sa a ka yon doktè, yon enfimyè pratisyen oswa yon asistan doktè. Ou pral kay PCP w pou egzamen regilye w yo, pou piki w yo (vaksinasyon) oswa lè w malad. Epitou, PCP w ap ede w jwenn swen nan men lòt pwofesyonèl sante oswa nan men espesyalis. Yo rele sa **rekòmandasyon**. Ou ka rele ekip sèvis pou manm yo pou chwazi PCP w.

Ou ka chwazi yon PCP differan pou chak manm fanmi w oswa ou ka chwazi yon sèl PCP pou tout fanmi w. Si w pa chwazi yon PCP, n ap chwazi youn pou ou e pou fanmi w.

Ou ka chanje PCP w nenpòt lè. Pou chanje PCP w, rele ekip sèvis pou manm yo.

Fason pou chwazi yon PCP pou pitit ou

Ou ka chwazi yon PCP pou bebe w anvan l fèt. Nou ka ede w fè sa si w rele ekip sèvis pou manm yo. Si w pa chwazi yon PCP anvan nesans bebe w, n ap chwazi youn pou ou. Si w ta renmen chanje PCP bebe w, ban nou yon koutfil.

Li enpòtan pou w chwazi yon PCP pou pitit ou pou asire w li ale kay doktè chake ane pou egzamen sante l yo. Tout timoun ki gen ant 1 ak 20 an sipoze al kay doktè pou egzamen sante sa yo. Se egzamen regilye ki fèt pou ede w e pou ede PCP pitit ou konnen ki jan pitit ou ye ak ki

jan kwasans li ap mache. Epitou, pitit ou ka resevwa piki (vaksinasyon) nan vizit sa yo. Vizit sa yo ka ede w dekouvri kèk pwoblèm e yo ka ede pitit ou rete an sante.⁵

Ou ka mennen pitit ou kay yon pedyat, yon doktè sante familyal oswa yon lòt pwofesyonèl sante.

Ou pa bezwen okenn rekòmandasyon pou vizit sa yo pou pitit ou.

Epitou, ou pap peye anyen pou vizit sa yo.

Swen nan men espesyalis ak rekòmandasyon

Pafwa, ou ka bezwen al kay yon pwofesyonèl sante ki pa PCP w pou yon pwoblèm sante, yon blesi oswa yon maladi espesyal. Pale sa ak PCP w dabò. Se PCP w ki pral rekòmande w yon espesyalis. Yon espesyalis se yon pwofesyonèl sante ki travay nan yon domèn swen sante an patikilye.

Si w gen yon jesyonè dosye, pa blyie fè l konnen tout rekòmandasyon ou jwenn yo. Jesyonè dosye w pral travay ak espesyalis la pou l ede w jwenn swen.

Dezyèm opinyon

Ou gen dwa pou resevwa yon **dezyèm opinyon** konsènan swen w yo. Sa vle di ou gen dwa pou pale ak yon lòt pwofesyonèl sante pou konnen sa l panse de swen w yo. Dezyèm pwofesyonèl sante sa a pral ba w opinyon pa l la. Sa ka ede w deside si yon sèvis oswa yon tretman patikilye bon pou ou. Ou ka jwenn yon dezyèm opinyon san w pa peye anyen pou sa.

PCP w, jesyonè dosye w oswa ekip sèvis pou manm yo ka ede w jwenn yon pwofesyonèl sante k ap ka ba w yon dezyèm opinyon. Ou ka chwazi nenpòt nan pwofesyonèl sante nou yo. Si w pa ka jwenn yon pwofesyonèl sante nan rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an, n ap ede w jwenn yon lòt pwofesyonèl sante ki pa fè pati rezo nou an. Si w bezwen al kay yon pwofesyonèl sante ki pa fè pati rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an pou jwenn dezyèm opinyon an, nou dwe ba w yon otorizasyon pou sa dabò.

Swen rapid

Swen rapid se pa menm bagay ak swen ijans. Ou bezwen swen rapid lè w bezwen yon tretman pou yon blesi oswa yon maladi sou 48 èdtan. Byenke sante w oswa lavi w pa an danje, ou pa ka tann jiskaske PCP w disponib oswa biwo PCP a fèmen.

Si w bezwen swen rapid lè biwo yo fèmen, lèfini ou pa rive jwenn PCP w, tanpri rele liy asistans enfimyè nou an nan **1-855-398-5615**, 24 sou 24, 7 sou 7.

Epitou, ou ka jwenn sant swen rapid ki pi pre w la sou sit Entènèt nou an nan adrès **www.amerihealthcaritasfl.com**. Telemedsin (kominike ak yon pwofesyonèl sante nan videoyo oswa nan telefòn san w pa ale nan biwo li) ka yon opsyon pou ou tou. Ale sou sit Entènèt nou an oswa rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-855-358-5856)** pou jwenn plis enfòmasyon sou sa.

⁵ Pou jwenn plis enfòmasyon sou tès depistaj ak sou evalyasyon yo rekòmande pou timoun yo, tanpri gade dokiman ki gen tit “Recommendations for Preventative Pediatric Health Care – Periodicity Schedule” sou www.aap.org.

Swen lopital

Si w bezwen al lopital pou yon randevou, pou yon operasyon oswa pou yon ospitalizasyon, se PCP w ki pral pran dispozisyon pou sa. Nou sipoze otorize sèvis lopital yo anvan w ale, sof nan ka ijans. Nou pap peye pou okenn sèvis lopital toutotan nou pa otorize yo alavans, depi se pa yon ijans.

Si w gen yon jesyonè dosye, I ap travay avè w ak pwofesyonèl sante w pou w ka resevwa sèvis ou bezwen yo lè w retounen lakay ou apre w te lopital.

Swen ijans

Yon **ijans** medikal se yon sitiayson kote ou tèlman malad oswa ou tèlman blese, si w pa jwenn yon èd medikal tousuit, lavi w oswa sante w ap an danje. Men kèk egzanp:

- Zo kase.
- Senyen san rete.
- Ou ansent, lèfini ou nan tranche oubyen w ap senyen.
- Difikilte pou respire.
- Pa kapab wè, bouje oswa pale bridsoukou.

Sèvis ijans se sèvis ou jwenn lè w malad anpil oswa lè w blese grav. Sèvis sa yo la pou ede w rete an vi oswa pou anpeche eta w vin pi rèd toujou. Yo konn bay jan de sèvis sa yo nan yon sal ijans.

Si eta sante w grav, rele 911 oswa ale nan sant ijans ki pi pre w la tousuit. Ou ka ale nan nenpòt lopital oswa sant ijans. Si w pa fin konnen si se yon ijans, rele PCP w. PCP w pral di w sa pou w fè.

Li pa nesesè pou lopital la oswa pou sant ijans lan fè pati rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an ni pou l nan zòn sèvis nou an. Mete sou sa, ou pa oblige jwenn yon otorizasyon alavans pou jwenn swen ijans oswa pou sèvis ou te resevwa nan yon sal ijans pou trete pwoblèm sante w la.

Si w gen yon ijans pandan w pa nan zòn kote w rete a, jwenn swen medikal ou bezwen yo. Veye pou rele ekip sèvis pou manm yo lè w ka fè sa pou fè nou konn sa.

Fason pou jwenn medikaman sou preskripsyon

Nou peye pou tout kalite medikaman sou preskripsyon. Nou gen yon lis medikaman nou peye pou yo. Lis sa a rele **fòmilè**. W ap jwenn lis sa a sou sit Entènèt nou an nan adrès www.amerihealthcaritasfl.com/provider/find-provider/index.aspx. Epitou, ou ka rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800** (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se **1-855-358-5856**) 24 sou 24, 7 sou 7.

Nou peye pou **medikaman mak** ak **medikaman jenerik**. Medikaman jenerik yo gen menm engredyan ak medikaman mak yo, lèfini yo konn pi bon mache pase medikaman mak yo. Yo travay menm jan. Pafwa, li ka nesesè pou nou otorize yon medikaman mak anvan w ka jwenn medikaman sou preskripsiyan w lan.

Nou gen famasi ki fè pati rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an. Ou ka al chèche medikaman sou preskripsiyan w yo nan nenpòt famasi ki fè pati rezo pwofesyonèl ak etablisman sante nou an. Pa blye pote kat idantifikasyon plan w lan lè w pral nan famasi a.

Lis medikaman nou peye pou yo a ka chanje detanzantan, men n ap fè w konn sa.

Enfòmasyon sou famasi espesyalize

AmeriHealth Caritas Florida chwazi PerformSpecialty[®] pou bay manm yo sèvis famasi espesyalize. Se PerformSpecialty ki pral bay manm yo medikaman sou preskripsiyan espesyalize. Medikaman espesyalize se yon seri medikaman ki koute chè anpil e ki la pou trete yon seri pwoblèm sante ki konplèks. Yon moun bezwen plis sipò pou l ka itilize yo kòmsadwa.

Si se nan yon lòt famasi ki fè pati rezo a ou te konn jwenn yon medikaman espesyalize, n ap voye medikaman sou preskripsiyan w lan bay PerformSpecialty pou li ka remèt ou li si w ta bezwen l pi devan.

Si w dakò ak chwa sa a, ou pa bezwen fè anyen.

Si w pito al nan yon lòt famasi oswa si w gen kesyon, tanpri rele ekip sèvis famasi pou manm yo nan **1-855-371-3963**. Li disponib 24 sou 24, 7 sou 7.

Sèvis sante konpòtmantal

Gen de lè ou ka bezwen pale ak yon terapet oswa ak yon konseye pwofesyonèl, pa egzanp si w gen jan de santiman sa yo oswa si w rankontre jan de pwoblèm sa yo:

- Toujou santi w tris.
- Pa anvi fè aktivite ou te konn renmen fè yo.
- Santi ou pa vo anyen.
- Difikilte pou dòmi.
- Pa gen apeti.
- Abi alkòl oswa dwòg.
- Pwoblèm nan maryaj ou.
- Pwoblèm pou leve pitit.

Nou peye pou anpil diferan kalite sèvis sante konpòtmantal ki ka ede w jere pwoblèm ou rankontre yo. Ou ka rele yon pwofesyonèl sante konpòtmantal pou pran randevou. Pou jwenn yon pwofesyonèl sante konpòtmantal, ou ka:

- Rele ekip sèvis sante konpòtmantal pou manm yo nan **1-855-371-3967 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-888-877-5378)**.
- Konsilte lis pwofesyonèl ak etablisman sante nou an.
- Ale sou sit Entènèt nou an pou chèche yon pwofesyonèl sante konpòtmantal nan adrès www.amerihealthcaritasfl.com > Members > Find a doctor, medicine, pharmacy or transportation.

Gen moun pou ede w 24 sou 24, 7 sou 7. Ou pa bezwen okenn rekòmandasyon nan men PCP w pou sèvis sante konpòtmantal.

Si w anvi fè tèt ou oswa lòt moun mal, rele 911. Ou ka ale nan sal ijans oswa nan sant stabilizasyon kriz ki pi pre w la, menm si li pa nan zòn sèvis nou an. Kou w yon kote an sekirite, rele PCP w si w ka fè sa. Kontakte pwofesyonèl sante w la sou 24 a 48 èdtan. Si w resevwa swen ijans deyò zòn sèvis la, n ap pran dispozisyon pou transfere w nan yon lopital oswa nan yon etablisman sante ki fè pati rezo plan nou an kou eta w vin estab.

Pwogram rekompans pou manm yo

Nou bay kèk pwogram pou ede w rete an sante e pou ede w viv yon fason ki pi bon pou sante w (tankou pou pèdi pwa oswa pou sispann fimen). Nou rele yo **pwogram konpòtmantal ki bon pou lasante**. Ou ka jwenn rekompans lè w patisipe nan pwogram sa yo. Plan nou an bay pwogram sa yo:

Pwogram konpòtman ki bon pou lasante

- Pwogram pou sispann fimen:** Sispann fimen pa fasil. Sepandan, nou ka ede w kanpe. Lè w enskri, n ap ba w yon kat kado \$10. Mete sou sa, ou ka jwenn patch nikotin, lozanj ak chiklèt san preskripsyon gratis. Bagay sa yo ka ede w jere gwo anvi fimen ou gendwa santi a. Ou ka jwenn yon kat kado \$10 si w patisipe nan yon seyans gwoup ak nan seminè pou ede w kanpe. Lè w fini pwogram nan epi ou voye sètifica akonplisman an pa lapòs bay AmeriHealth Caritas Florida, w ap resevwa yon kat kado \$30.
- Pwogram pou pèdi pwa:** Ou ka gen posiblite resevwa kèk rekompans nan pwogram pou pèdi pwa nou an. Ou ka jwenn yon kat kado \$10 si w al kay pwofesyonèl swen sante primè w (primary care provider, PCP) pou pale avè l sou kesyon pèdi pwa a depi w gen yon endis mas kòporèl (body mass index, BMI) ki nan 35 oswa plis. Ou kapab resevwa plis kat kado toujou lè w al kay yon dyetetisyen oswa kay yon konseye sou nitrisyon, oswa lè w fè suivi kay PCP w la. Si w rete nan pwogram nan pandan twa mwa, lèfini ou resi bese BMI ou, ou ka jwenn yon kat kado \$20. PCP w la sipoze siyen fòm akonplisman w lan anvan w retounen l bay AmeriHealth Caritas Florida.
- Pwogram retablisman anba abi alkòl ak lòt sibstans:** Abi alkòl oswa abi sibstans ka nui sante fizik ou ak sante mantal ou anpil. Nou ka ede w pote lavikta sou pwoblèm sa a. N ap voye w yon kat kado \$10 pa lapòs lè w enskri nan yon pwogram retablisman. Yon jesyonè swen ap ede w patisipe nan yon gwoup sipò lokal. Ou ka jwenn plizyè kat kado \$10 lè w rete kèk tan sa w pa ni bwè ni pran dwòg. Ou ka jwenn premye a apre 30 jou ak dezyèm nan apre 90 jou. Annapre, ou ka jwenn yon kat kado \$20 si w rete 180 jou san w pa ni bwè ni pran dwòg.
- Pwogram konpòtman ki bon pou lasante pou yon kantite tan ki limite:** Nou bay lòt kalite pwogram konpòtman ki bon pou lasante pou yon kantite tan ki limite chak ane. AmeriHealth Caritas Florida ap voye w yon lèt ak yon fòm akonplisman pa lapòs kou pwogram sa yo vin aktif, e n ap fè w konnen dat limit yo. Se pou w konnen dat limit sa yo enpòtan pou w retounen fòm yo bay AmeriHealth Caritas Florida si w vle patisipe nan pwogram sa yo. Ou menm (oswa pitit ou) ka enskri nan plizyè pwogram konpòtman ki bon pou lasante (depi w kalifye) epi ou ka resevwa jiska \$50 kòm rekompans pa ane pou chak pwogram. Ou menm (oswa pitit ou) ka enskri nan chak pwogram konpòtman ki bon pou lasante yon sèl fwa chak ane. Pa bliye yo pa ka transfere rekompans yo. Ou pa ka itilize rekompans yo pou

alkòl, tabak, jwèt aza (tankou loto), dwòg (sof medikaman san preskripsyon), zamafe oswa minisyon. Si w kite AmeriHealth Caritas Florida pou plis pase 180 jou, ou ka pa resevwa rekonpans ou. Si w gen kesyon oswa si w ta renmen enskri nan youn nan pwogram sa yo, tanpri rele nou nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-855-358-5856)**.

Pa blyie ou pap ka transfere okenn rekonpans. Si w kite plan nou an pou plis pase 18 jou, ou gendwa pa resevwa rekonpans ou. Si w gen kesyon oswa si w ta renmen enskri nan nenpòt nan pwogram sa yo, tanpri ale sou sit Entènèt nou an nan www.amerihealthcaritasfl.com oswa rele nou nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**.

Pwogram jesyon maladi

Nou gen yon seri pwogram espesyal k ap ede w si w gen youn nan pwoblèm sante sa yo.

- Dyabèt: Pwogram dyabèt nou an aprann patisipan yo fason pou yo jere dyabèt la ak pwoblèm sante ki mache avè l yo. Sa gen ladan l fason pou manje manje ki bon pou sante w, fè egzèsis, siveye nivo sik ou nan san w, pran medikaman, ak fè sa ki nesesè pou gen mwens chans pou sibi konplikasyon oswa lòt pwoblèm sante.
- Opresyon: Pwogram opresyon nou an la pou manm ki ta renmen konnen ki fason yo ka kontwole opresyon yo a ak ki sa yo ka fè pou santi yo mye. Sa gen ladan l aprann ki jan pou w kreye yon ekip sipò pou jere opresyon w lan, pou pran medikaman pou opresyon yo kòmsadwa e pou adopte abitid k ap bon pou sante w.
- Maladi kadyovaskilè (cardiovascular disease, CVD)/ipètansyon: Pwogram CVD/ipètansyon nou an aprann patisipan yo ki jan yo ka adopte yon mòd devi ki bon pou sante kè yo. Sa gen ladan l fason pou desann ipètansyon yo ak sa pou yo fè pou yo gen mwens chans pou gen yon kriz kadyak, yon stwok, ensifizans kadyak ak lòt konplikasyon.
- Kansè: Pwogram oto-jesyon pou kansè nou an ka ede manm yo ki gen kansè pou yo gen mwens strès, pou yo jere doulè yo e pou yo travay pou gen pi bon mòd devi yo ka genyen an.
- Bwonkonemopati kwonik obstruktif (chronic obstructive pulmonary disease, COPD): Pwogram COPD nou an aprann patisipan yo ki jan pou yo jere pwoblèm sante yo e li ede yo pote chanjman nan mòd devi yo pou yo pi byen jere COPD yo e pou amelyore kalite lavi yo.
- Sante konpòtmantal: Si w gen difikilte akoz abi opyooyid, AmeriHealth Caritas Florida pèmèt ou jwenn sèvis pou moun ki gen pwoblèm abi sibstans. Sa gen ladan l tretman opyooyid espesyalize pou manm yo. Nou pral ede w konnen ki sèvis ou bezwen, tankou detoksifikasyon lopital oswa lakay ou, tretman asiste ak medikaman pou soulaje sentòm ou ka sibi akoz sevraj la, konsèy pwofesyonèl ak sèvis sipò nan men moun ki menm jan avè w. Apre sa, nou pral ede w jwenn yon pwofesyonèl ak/oswa yon etablisman sante k ap ede w atenn objektif ou yo. Nou pral kontinye suiv pwogrè w ap fè yo, n ap egzamine plan swen w lan e n ap ede w jwenn resous k ap ede w nan kèlkeswa domèn ou bezwen yo. Ou ka rele ekip sèvis sante konpòtmantal pou manm yo nan **1-855-371-3967**. Ou ka jwenn nimewo sa a tou nan do kat idantifikasiyon w lan anba “Behavioral Health”. W ap jwenn yon lis pwofesyonèl ak etablisman sante konpòtmantal sou sit Entènèt nou an nan adres [www.floridahealthfinder.gov/reports-guides/advance-directives.aspx](http://www.amerihealthcaritasfl.com > Members > Find a doctor, medicine, pharmacy, or transportation.• Keson ki gen rapò ak fen lavi w, tankou enfòmasyon sou enstriksyon medikal alavans. Pi bon fason pou asire w y ap respekte enstriksyon medikal alavans ou yo, se ekri yo. Ou ka telechaje yon fòm sou <a href=).

Pwogram amelyorasyon kalite

Nou vle w jwenn bonjan swen sante. Nou bay yon seri pwogram siplemantè pou amelyore swen w resevwa yo. Men pwogram sa yo:

1. Pwogram pou timoun yo

Pwogram byennèt ak enfòmasyon jeneral ki ka ede w kenbe pitit ou an sante, depi nesans li jis li rive nan laj 5 an. Sèvis kominotè sa yo gen enfòmasyon sou bonjan abitid manje, vaksen, bay tete ak egzamen sante ki enpòtan pou timoun yo.

2. Vyolans nan fanmi

Sèvis ak pwogram nan men ajans kominotè ki ka ede w si w bezwen èd oswa enfòmasyon sou vyolans nan fanmi an.

3. Prevansyon gwosès

Sèvis ak enfòmasyon ki ka reponn kesyon w yo oswa ede w pou w pa ansent san w pa t vle sa.

4. Gwosès ak planing

Enfòmasyon al resous kominotè pou ede w lè w ansent oswa lè w bezwen enfòmasyon sou planing.

5. Sèvis pou kòmanse lavi a an sante

Enfòmasyon sou sèvis ki disponib pou ede fi ki ansent yo ak tibebe yo, ansanm ak sèvis k ap ankouraje w resevwa swen prenatal bonè pou w ka akouche yon bebe ki an sante.

6. Evalyasyon ak konsèy an rapò ak alimantasyon nan kad swen perinatal pou fi ak timoun

Enfòmasyon ak sèvis k ap ede w rete an sante, tankou enfòmasyon ak konsèy sou alimantasyon y ap bay fi, ni pou yo menm, ni pou bebe yo, pandan ak apre gwosès la.

7. Pwogram sante konpòtmantal

Kominikasyon ak sèvis pou moun ki ka bezwen yon evalyasyon ak yon tretman pou bezwen yo nan domèn sante konpòtmantal.

Ou gen dwa tou pou fè nou konnen ki chanjman ou panse nou ta dwe pote.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram amelyorasyon kalite nou yo oswa pou ban nou kèk sijesyon, rele ekip sèvis pou manm yo.

Seksyon 12: Avantaj ki mache ak plan w lan: sèvis asistans medikal jere

Tablo ki anba yo mansyone sèvis medikal plan nou an peye pou yo. Pa blye, ou ka bezwen yon rekòmandasyon nan men PCP w oswa yon otorizasyon nan men nou anvan w al nan randevou w la oswa anvan w itilize yon sèvis. Sèvis yo dwe nesesè pou rezon medikal pou nou ka peye pou yo⁶.

⁶ Ou ka jwenn yon definisyon sou sa ki nesesè pou rezon medikal nan http://ahca.myflorida.com/medicaid/review/General/59G_1010_Definitions.pdf.

Ka gen kèk sèvis nou pa peye pou yo, men Medicaid peye pou yo. Pou konnen ki sa avantaj sa yo ye, rele liy asistans Medicaid la nan **1-877-254-1055**. Si w bezwen transpò pou jwenn sèvis sa yo, nou ka ede w. Ou ka rele nan **1-855-371-3968** pou pran randevou pou yon sèvis transpò.

Si gen chanjman nan sèvis nou peye pou yo oswa lòt chanjman ki afekte w, n ap fè w konn sa pa ekri omwen 30 jou anvan dat chanjman an sipoze antre anvigè a.

Si w gen kesyon sou sèvis medikal nou peye pou yo, tanpri rele ekip sèvis pou manm yo.

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis nan yon etablisman pou moun ki gen adiksyon	Sèvis sa yo la pou ede moun ki gen pwoblèm adiksyon ak dwòg oswa ak alkòl e ki bezwen ospitalizasyon.	Selon sa ki nesesè pou rezon medikal e selon sa nou rekòmande.	Wi
Sèvis alèji	Sèvis pou trete pwoblèm sante tankou estènye oswa iritasyon sou po a ki pa parèt akoz yon maladi.	Nou peye pou analiz san ak analiz po pou alèji epi nou peye jiska 156 dòz piki kont alèji chak ane.	Non
Sèvis transpò nan anbilans	Sèvis anbilans yo la lè w bezwen swen ijans, pou yo mennen w lopital, oswa lè w bezwen yon sipò espesyal, lè yo transfere ant plizyè etablisman sante.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non: transpò atè a ann ijans pou yo mennen w lopital oswa pou yon sipò espesyal, lè yo transfere ant plizyè etablisman sante
Sèvis detoksifikasiyon anbilatwa	Sèvis yo bay moun k ap sibi sentòm sevraj akoz yon adiksyon ak dwòg oswa ak alkòl san yo pa al lopital.	Selon sa ki nesesè pou rezon medikal e selon sa nou rekòmande.	Wi
Sèvis nan yon sant chirijikal anbilatwa	Operasyon ak lòt pwosedi yo fè nan yon etablisman ki pa yon lopital (anbilatwa).	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Wi: pwosedi kosmetik sèlman
Sèvis anestesi	Sèvis pou anpeche w santi okenn doulè pandan yon operasyon oswa pandan yon lòt pwosedi medikal.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non

Sèvis	Deskripsiyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis swen asiste	Sèvis pou ede adilt yo (ki gen 18 an oswa plis) fè aktivite yo bezwen fè chak jou yo e pou ede yo pran medikaman yo.	Nou peye pou 365-366 jou nan ane a pou sèvis sa yo.	Wi
Sèvis evalyasyon sante konpòtmantal	Sèvis yo itilize pou idantifye yon pwoblèm sante mantal oswa yon pwoblèm abi sibstans.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis konplemantè pou sante konpòtmantal.	Sèvis sante konpòtmantal pou timoun (ki gen ant 0 ak 18 an) ki enskri nan yon pwogram DCF.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis kadyovaskilè	Sèvis ki trete kè a ak aparèy sikilasyon an (veso sangen).	Nou peye pou sèvis sa yo selon sa doktè w preskri a: <ul style="list-style-type: none"> • Tès kè • Pwosedi chirijikal nan kè • Aparèy pou kè a 	Wi: imajeri kadyak radyoloji/nikleyè sèlman
Jesyon dosye sible nan kad sèvis sante pou timoun	Sèvis pou timoun (ki gen ant 0 a 3 an) pou ede yo jwenn swen sante ak lòt sèvis.	Pitit ou sipoze enskri nan pwogram Early Steps ki sot nan depatman lasante a (Department of Health).	Non
Sèvis chiropratik	Dyagnostik ak tretman manipilatif pou atikilasyon ki pa alien kòmsadwa, sitou kolòn vètebral la, ki ka lakòz lòt pwoblèm sante poutèt yo afekte nè yo, mis yo ak ògàn yo.	<ul style="list-style-type: none"> • 24 vizit pa ane pou yon moun ki gentan pasyan • Radyografi 	Wi: manm ki pokò gen 21 an
Sèvis klinik	Sèvis swen sante nan yon depatman sante konte a, nan yon sant sante gouvènman federal la kalifye oswa nan yon klinik sante riral.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis nan inite estabilizasyon kriz	Yo bay sèvis sante mantal ijans yo nan yon etablisman ki pa yon lopital nòmal.	Selon sa ki nesesè pou rezon medikal e selon sa nou rekòmande.	Wi

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis dyaliz	Swen medikal, tès, ak lòt tretman pou ren yo. Sèvis sa a gen ladan I founiti pou dyaliz ak lòt founiti pou trete ren yo.	Nou peye pou sèvis sa yo selon sa doktè k ap suiv ou a preskri a: <ul style="list-style-type: none"> Tretman emodyaliz Tretman dyaliz peritoneyal 	Non: pou swen medikal, tès, lòt tretman pou ren yo, founiti pou dyaliz ak lòt founiti pou trete ren yo.
Ekipman medikal dirab ak sèvis pou founiti medikal	Yo sèvi ak ekipman medikal yo pou jere e pou trete yon pwoblèm sante, yon maladi oswa yon blesi. Yo itilize ekipman medikal dirab yo anpil fwa. Sa gen ladan I chèz woulant, sipò, beki ak lòt bagay ankò. Founiti medikal se bagay ki sipoze sèvi yon sèl fwa. Moun nan sipoze jete yo apre I itilize yo.	Gen kèk limite ki egziste selon sèvis la ak laj moun nan. Rele ekip sèvis pou manm yo nan 1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tandé byen yo se 1-855-358-5856) pou jwenn plis enfòmasyon.	Wi: pou ekipman medikal tankou chèz woulant, sipò, beki ak lòt bagay ankò. Tanpri kontakte Coastal Care Services nan 1-855-481-0505 (nimewo TTY pou moun ki pa tandé byen yo se 711).
Sèvis entèvansyon bonè	Sèvis pou timoun ki gen ant 0 ak 3 an e ki gen yon reta nan devlòpman yo ak lòt pwoblèm sante.	Nou peye pou: <ul style="list-style-type: none"> Yon evalyasyon inisyal pou tout lavi a (se yon ekip ki dwe fè evalyasyon sa a) Jiska 3 tès depistaj pa ane Jiska 3 evalyasyon suivi pa ane Jiska 2 sesyon fòmasyon oswa sesyon sipò pa semèn 	Non

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis transpò ann ijans	Transpò nan anbilans oswa nan anbilans ayeryèn (elikoptè oswa avyon) pou mennen w lopital akoz yon ijans.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Wi: pou transpò ijans nan avyon ak nan elikoptè Non: pou transpò atè a ann ijans e pou apèl nan 911 pou jwenn yon transpò
Sèvis evalyasyon ak jesyon	Sèvis kay doktè pou rete an sante e pou evite oswa trete yon maladi.	Nou peye pou: <ul style="list-style-type: none">• Yon tès depistaj sante pou adilt (egzamen) pa ane• Egzamen sante timoun resevwa yo ap depann de laj yo ak bezwen devlòpmantal yo• Yon vizit chak mwa pou moun ki rete nan yon sant swen enfimye• Jiska de vizit kay doktè chak mwa pou adilt pou trete yon maladi oswa yon pwoblèm sante	Non
Sèvis terapi familyal	Sèvis pou fanmi k ap patisipe nan sesyon terapi ak yon pwofesyonèl sante mantal.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis gastwo-entestinal	Sèvis pou trete pwoblèm sante oswa maladi ki gen rapò ak lestomak la oswa ak aparèy dijestyon an.	Nou peye pou: <ul style="list-style-type: none">• Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis jenito-irinè	Sèvis pou trete pwoblèm sante oswa maladi ki gen rapò ak ògànjenital yo oswa ak aparèy irinè a.	Nou peye pou: <ul style="list-style-type: none">• Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis terapi an gwoup	Sèvis pou yon gwoup moun k ap patisipe nan sesyon terapi ak yon pwofesyonèl sante mantal.	Nou peye pou li selon sa kinasesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis odisyon	Tès, tretman ak founiti pou odisyon pou dyagnostike oswa trete pwoblèm odisyon. Sa gen ladan I aparèy pou ede w tandem ak reparasyon aparèy sa yo.	Nou peye pou tès odisyon yo e pou sèvis sa yo selon sa doktè w preskri a: <ul style="list-style-type: none"> • Enplan kokleyè • Yon nouvo aparèy pou tandem pou chak zòrèy, yon fwa chak 3 an • Reparasyon 	Non
Sèvis sante lakay	Sèvis enfimyè ak asistans medikal yo ba w lakay ou pou ede w jere yon pwoblèm sante, yon maladi oswa yon blesi, oswa pou ede w refè annapre.	Nou peye pou: <ul style="list-style-type: none"> • Jiska 4 vizit pa jou pou benefisyè ki ansent yo e pou benefisyè ki gen ant 0 ak 20 an • Jiska 3 vizit pa jou pou tout lòt benefisyè yo 	Wi Tanpri kontakte Coastal Care Services nan 1-855-481-0505 pou jwenn yon otorizasyon pou sèvis sante lakay e pou DME ak founiti yo bay lakay pasyan an
Sèvis ospis	Swen medikal, tretman ak sèvis sipò afektif pou moun ki gen yon maladi tèminal oswa ki pa gen anpil tan ki rete pou yo viv, pou yo ka alèz e pou yo pa gen doulè. Sèvis sipò sa yo disponib pou manm fanmi yo e pou moun k ap pran swen yo tou.	Nou peye pou li selon sa kinasesè pou rezon medikal. Ou ka gen yon responsabilite pasyan pou sèvis ospis, kit ou rete lakay ou, kit ou rete nan yon etablisman, kit ou rete nan yon etablisman swen enfimye.	Wi
Sèvis terapi endividydèl	Sèvis pou moun k ap patisipe nan sesyon terapi endividydèl ak yon pwofesyonèl sante mantal.	Nou peye pou li selon sa kinasesè pou rezon medikal.	Non

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis lopital pandan pasyan an entène	Swen medikal ou resevwa pandan ou lopital. Sa gen ladan I tès, medikaman, terapi ak tretman, vizit doktè ak ekipman yo itilize pou trete w.	Nou peye pou sèvis lopital sa yo pandan pasyan an entène, selon laj pasyan an ak sitiyasyon I lan: <ul style="list-style-type: none"> Jiska 365/366 jou pou benefisyè ki gen ant 0 ak 20 an Jiska 45 jou pou tout lòt benefisyè yo (nou peye pou plis jou nan sitiyasyon ijans) 	Wi: pou tout manm ki poko gen 21 an ak adilt ki ansent yo, jiska 365 jou. Pou tout adilt ki pa ansent yo, jiska 45 jou pandan yo entène e jiska 365 jou pou swen ijans pandan yo entène. Sa gen ladan I sante konpòtmantal tou. Omwen 48 èdtan apre yon akouchman natirèl nòmal, e omwen 96 èdtan apre yon sezaryèn.
Sèvis tegimantè	Sèvis pou dyagnostike oswa pou trete yon pwoblèm sante oswa yon maladi nan po a.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Wi: pwosedi kosmetik sèlman
Sèvis laboratwa	Sèvis pou analyze san an, pipi a, dlo nan bouch ak lòt bagay ki sot nan kò a pou detekte yon pwoblèm sante oswa yon maladi.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis medikal nan kad akèy nan fwaye	Sèvis k ap ede timoun ki gen pwoblèm sante e ki abite nan yon fwaye akèy.	Depatman timou ak fanmi an sipoze responsab pou timoun nan.	Non
Sèvis tretman asiste ak medikaman	Sèvis pou ede moun ki gen pwoblèm adiksyon ak dwòg.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis jesyon medikaman	Sèvis pou ede moun konprann fason pou yo pran medikaman e pou ede yo fè bon chwa nan domèn sa a.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis nan pwogram ospitalizasyon pasyèl pou sante mantal	Tretman yo bay 4 èdtan pa jou oswa plis, plizyè jou chak semèn, pou moun k ap retabli anba yon maladi mantal.	Selon sa ki nesesè pou rezon medikal e selon sa nou rekòmande.	Wi
Jesyon dosye sible nan kad sante mantal	Sèvis pou ede moun ki gen maladi mantal jwenn èd medikal ak swen sante konpòtmantal.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis evalyasyon ak entèvansyon mobil pou kriz	Yon ekip pwofesyonèl sante k ap bay sèvis sante mantal nan sitiyasyon ijans. Yo konn al lakay moun nan pou sa.	Selon sa ki nesesè pou rezon medikal e selon sa nou rekòmande.	Non
Sèvis newoloji	Sèvis pou dyagnostike oswa pou trete yon pwoblèm sante oswa yon maladi nan sèvo a, nan kolòn vètebral la oswa nan sistèm nève a.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis transpò san pa gen ijans	Transpò pou ale nan randevou medikal ou yo e pou retounen lakay ou annapre. Sa ka fèt nan bis, nan yon kamyonèt ki ka transpòte moun ki andikape, nan taksi oswa nan lòt kalite veyikil.	<p>Nou peye pou sèvis sa yo pou benefisyè ki pa gen transpò yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Vwayaj ki pa fèt nan eta a • Transfè ant plizyè lopital oswa etablisman sante • Eskòt lè sa nesesè pou rezon medikal 	<p>Non: Tanpri rele 1-855-371-3968 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 711) pou pran randevou pou yon sèvis transpò si sitiyasyon an pa ijan.</p>
Sèvis nan yon etablisman swen enfimye	Swen medikal oswa swen enfimye ou resevwa pandan w rete nan yon etablisman swen enfimye. Ou gendwa rete nan etablisman sa a pou yon reyabilitasyon akoutèm oswa alontèm.	<p>Nou peye pou 365-366 jou nan ane a pou sèvis nan yon etablisman swen enfimye selon sa ki nesesè pou rezon medikal.</p> <p>Gade enfòmasyon sou responsablite pasyan an pou ko-peman pou chanm nan ak manje a.</p>	Wi

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis ègoterapi	Ègoterapi gen ladan I tretman k ap ede w fè bagay ou bezwen fè chak jou yo, tankou ekri, manje ak itilize bagay ki nan kay la.	Nou peye pou timoun ki gen ant 1 ak 20 an e pou adilt: <ul style="list-style-type: none">• Yon evalyasyon inisyal pa ane• Jiska 210 minit tretman pa semèn• Yon evalyasyon inisyal pou chèz woulant chak 5 ane Nou peye pou sèvis sa yo pou moun tout laj: <ul style="list-style-type: none">• Evalyasyon suivi pou chèz woulant, youn lè yo livre I la ak yon lòt 6 mwa annapre	Wi
Sèvis operasyon nan bouch	Sèvis pou rache dan e pou trete lòt pwoblèm sante oswa maladi nan bouch ak nan kavite bouch la.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Wi: pwosedi kosmetik sèlman
Sèvis òtopedik	Sèvis pou dyagnostike oswa pou trete yon pwoblèm sante oswa yon maladi nan zo oswa nan atikilasyon.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis lopital pandan pasyan an pa entène	Swen medikal ou resevwa pandan ou lopital san w pa rete lannuit. Sa gen ladan I tès, medikaman, terapi ak tretman, vizit doktè ak ekipman yo itilize pou trete w.	Nou peye pou sèvis ijans selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Wi: selon pwosedi a
Sèvis jesyon doulè	Tretman pou doulè ki dire anpil tan e ki pa amelyore apre yo bay pasyan an lòt sèvis.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal. Ka gen kèk limit selon sèvis la.	Wi

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis fizyoterapi	Fizyoterapi gen ladan I egzèsis, detire ak lòt tretman pou ede kò w vin pi djanm e pou ede w santi w mye apre yon blesi oswa yon maladi, oswa akoz yon pwoblèm sante.	Nou peye pou timoun ki gen ant 1 ak 20 an e pou adilt: <ul style="list-style-type: none"> Yon evalyasyon inisyal pa ane Jiska 210 minit tretman pa semèn Yon evalyasyon inisyal pou chèz woulant chak 5 ane Nou peye pou sèvis sa yo pou moun tout laj: <ul style="list-style-type: none"> Evalyasyon suivi pou chèz woulant, youn lè yo livre I la ak yon lòt 6 mwa annapre 	Wi
Sèvis podyatri	Swen medikal ak lòt tretman pou pye yo.	Nou peye pou: <ul style="list-style-type: none"> Jiska 24 vizit kay doktè pa ane Swen pou pye e pou zong Radyografi ak lòt imajeri pou pye, cheviy ak pati enferyè janm nan Operasyon nan pye, nan cheviy ak nan pati enferyè janm nan 	Non
Sèvis medikaman sou preskripsiyon	Sèvis sa a la pou medikaman doktè w oswa yon lòt pwofesyonèl sante preskri w.	Nou peye pou: <ul style="list-style-type: none"> Yon rezèv medikaman ki ka dire jiska 34 jou pou chak preskripsiyon Nouvo medikaman w al chèche yo lè medikaman w yo fini, selon preskripsiyon an 	Konsilte lis medikaman prefere yo sou Entènèt nan adres www.amerihealthcaritasfl.com
Sèvis enfimyè prive	Sèvis yon enfimyè bay lakay moun nan depi moun nan gen ant 0 ak 20 an e li bezwen swen toutan.	Nou peye pou: <ul style="list-style-type: none"> Jiska 24 èdtan chak jou 	Wi
Sèvis lopital sikiyatrik espesyalize	Sèvis sante mantal ijans yo bay nan yon etablisman ki pa yon lopital nòmal.	Selon sa ki nesesè pou rezon medikal e selon sa nou rekòmande.	Wi

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis tès sikolojik	Tès yo itilize pou idantifye pwoblèm sante konpòtmantal.	Nou peye pou li selon sa kinésesè pou rezon medikal.	Wi
Sèvis reyabilitasyon sikososyal	Sèvis pou ede moun rekòmanse viv yon fason ki nòmal. Sa gen ladan I aktivite yo bezwen fè chak jou, tankou fè manje, jere lajan ak fè travay nan kay la.	Nou peye pou li selon sa kinésesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis radyoloji ak medsin nikleyè	Sèvis ki gen imajeri, tankou radyografi, imajeri ak rezonans mayetik (MRI) oswa tomodansitometri (CAT scan). Sa gen ladan I radyografi pòtab tou.	Nou peye pou li selon sa kinésesè pou rezon medikal.	Wi: pou eskàn CT, MRI, MRA, PET ak imajeri kadyak nikleyè Non: pou radyografi ak radyografi pòtab lè se yon pwofesyonèl sante ki patisce nan rezo a ki fè I
Sèvis nan yon sant swen entansif perinatal reyjonal	Sèvis yo bay ki ki ansent yo ak tibebe ki fèk fèt yo nan lopital ki gen yon sant swen espesyal pou jere pwoblèm sante ki grav yo.	Nou peye pou li selon sa kinésesè pou rezon medikal.	Wi
Sèvis repwodiksyon	Sèvis pou fi ki ansent yo oswa pou fi ki ta renmen ansent yo. Sa gen ladan I sèvis planing k ap bay medikaman ak founiti kontrasepsyon pou ede w planifye konbyen moun w ap gen nan fanmi w.	Nou peye pou sèvis planing. Ou ka jwenn sèvis ak founiti sa yo nan men pwofesyonèl sante Medicaid ou a. Li pa kinésesè pou I fè pati plan nou an. Ou pa bezwen okenn otorizasyon alavans pou jan de sèvis sa yo. Sèvis sa yo gratis. Sèvis sa yo volontè e yo konfidansyèl, menm si w pokonbo gen 18 an.	Non

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis respiratwa	Sèvis pou trete pwoblèm sante oswa maladi ki gen rapò ak poumon yo oswa ak aparèy respiratwa a.	Nou peye pou: <ul style="list-style-type: none">Tès respiratwaPwosedì chirijikal respiratwaJesyon aparèy respiratwa	Wi
Sèvis inaloterapi	Sèvis pou benefisyè ki gen ant 0 ak 20 an pou ede yo respire pandan y ap resevwa yon tretman pou yon pwoblèm sante oswa yon maladi respiratwa.	Nou peye pou: <ul style="list-style-type: none">Yon evalyasyon inisyal pa aneYon novo evalyasyon pou terapi chak 6 mwaJiska 210 minit tretman terapi pa semèn (maksimòm 60 minit pa jou)	Wi
Oto-èd/sèvis nan men moun ki menm jan ak pasyan an	Sèvis pou ede moun k ap retabli anba yon adiksyon oswa anba yon maladi mantal.	Selon sa ki nesesè pou rezon medikal e selon sa nou rekòmande.	Non
Sèvis terapeutik espesyalize	Sèvis yo bay timoun ki gen ant 0 ak 20 an e ki gen yon maladi mantal oswa yon pwoblèm abi sibstans.	Nou peye pou sèvis sa yo selon sa ki nesesè pou rezon medikal: <ul style="list-style-type: none">EvalyasyonSèvis nan kad akèy nan fwayeSèvis lakay an gwoup	Non
Sèvis òtofoni	Sèvis ki gen tès ak tretman pou ede w pale oswa vale pi byen.	Nou peye pou sèvis sa yo pou timoun ki gen ant 0 ak 20 an: <ul style="list-style-type: none">Aparèy ak sèvis komunikasyonJiska 210 minit tretman pa semènYon evalyasyon inisyal pa ane Nou peye pou sèvis sa yo pou adilt: <ul style="list-style-type: none">Yon evalyasyon komunikasyon chak 5 ane	Wi

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis nan pwogram sikyatrik pandan pasyan an entène nan tout eta a	Sèvis pou timoun ki gen yon maladi mantal ki grav e ki bezwen yon tretman nan yon etablisman sante.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal pou timoun ki gen ant 0 ak 20 an.	Wi
Sèvis terapi sante konpòtmantal kote pasyan an rete a	Sèvis yon ekip bay timoun ki gen ant 0 ak 20 an e ki gen pwoblèm sante konpòtmantal pou yo pa oblige entène nan yon lopital oswa nan yon lòt etablisman sante.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Non
Sèvis grèf	Sèvis ki gen tout operasyon ak tout swen anvan ak apre operasyon an.	Nou peye pou li selon sa ki nesesè pou rezon medikal.	Wi
Sèvis aparèy pou ede w wè	Aparèy pou ede w wè se linèt, lantiy kontak ak pwotèz (fo) je.	Nou peye pou sèvis sa yo selon sa doktè w preskri a: <ul style="list-style-type: none"> • De pè linèt pou timoun ki gen ant 0 ak 20 an • Lantiy kontak • Pwotèz je 	Non
Sèvis swen je	Sèvis pou teste e pou trete pwoblèm sante ak maladi nan je.	Nou peye pou sa si gen rezon medikal ki fè sèvis yo nesesè	Non

Avantaj ki mache ak plan w lan: avantaj siplemantè

Avantaj siplemantè se yon seri pwodui oswa sèvis anplis nou ba w gratis. Rele ekip sèvis pou manm yo pou mande l ki fason ou ka resevwa avantaj siplemantè.

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Akiponkti	Yon tretman yo itilize pou soulaje doulè w.	Yon maksimòm 12 vizit chak ane pou manm ki gen doulè egi ak doulè kwonik.	Non
Sèvis odisyon pou adilt	Sèvis odisyon pou adilt yo gen ladan yo aparèy pou ede w tande.	Yon aparèy pou ede w tande ak yon evalyasyon chak de ane.	Wi
Sèvis vizyon pou adilt	Sèvis vizyon pou adilt yo gen ladan yo linèt ak lantiy kontak.	Yon egzamen je pa ane, yon rezèv lantiy kontak pou sis mwa ak yon preskripsyon, yon pè linèt pa ane.	Wi Pou sèvis vizyon, tanpri kontakte Premier Eye Care
Sèvis evalyasyon	Evalyasyon apwofondi pou pwoblèm abi sibstans.	San limit.	Non
	Tès sikolojik yo itilize pou idantifye pwoblèm sante konpòtmantal.	San limit.	Wi
Sèvis/tretman yo bay lajounen pou sante konpòtmantal	Tretman yo bay lajounen pou bezwen sante konpòtmantal ki gen rapò ak aktivite moun nan dwe fè chak jou yo.	San limit, men moun nan sipoze patisipe nan pwogram jesyon dosye a.	Non
	Sèvis gadri, adilt.	San limit.	Non
Sèvis tès depistaj pou sante konpòtmantal	Evalyasyon ak tès depistaj pou pwoblèm sante konpòtmantal ak abi sibstans.	San limit.	Non
Sèvis medikal pou sante konpòtmantal (konvèsasyon)	Konvèsasyon ak yon pwofesyonèl medikal sou sante mantal ou ak/oswa sou bezwen w yo nan domèn abi sibstans.	San limit.	Non
Sèvis medikal pou sante konpòtmantal (jesyon medikaman)	Sèvis ak yon pwofesyonèl medikal ki ka sèvi ak medikaman pou trete pwoblèm sante mantal ak abi sibstans.	San limit.	Non

Sèvis	Deskripsiyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Sèvis medikal pou sante konpòtmantal (tès depistaj pou dwòg)	Tès depistaj pou alkòl ak lòt dwòg atravè echantyon pipi.	San limit.	Non
Sèvis telefòn selilè	Avantaj sa a ka ede w kenbe kontak ak AmeriHealth Caritas Florida oswa ak pwofesyonèl sante w yo pou w ka rete an sante.	Yon smatfòn; yon kantite minit ak done Entènèt chak mwa; yon kantite mesaj tèks san limit; yon kantite apèl san limit lè w ap rele ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Florida yo.	Non
Chiropratik	Sèvis ak tretman nan men yon pwofesyonèl chiropratik.	24 vizit siplemantè, pou yon total 48 vizit pa ane.	Non
Konpòtman ak konesans grasa òdinatè	Sèvis sante ak konpòtman, tankou evalyasyon ak terapi nan yon gwoup, oswa ak fanmi w, oswa sesyon envidyèl ak yon pwofesyonèl sante mantal pandan w gen yon maladi fizik. Entèvansyon sante ak konpòtman fanmi an (san pasyan an pa la)	San limit.	Non
Sèvis doula	Sèvis pandan gwo sès la nan men yon pwofesyonèl ki fòme pou l ede w akouche e pou bay manm ki ansent yo sipò ak enfòmasyon.	Vizit san limit pou manm ki ansent yo:	Non, men yon rekòmandasyon nesesè nan men pwogram matènité Bright Start® la
Repa yo voye lakay pou manm ki nan yon gwo sès ak gwo risk	Ou ka mande pou yo voye w repa lakay ou si pwofesyonèl sante w panse gwo sès ou se yon gwo sès ki mache ak gwo risk.	Jiska de repa pa jou pandan 30 jou. Se manm ki nan yon gwo sès ak gwo risk e ki ranpli kondisyon plan an bay sou sèvis ki nesesè pou rezon medikal sèlman ki ka resevwa sèvis sa a.	Wi

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Repa yo voye lakay apre yo egzeyate pasyan an	Ou ka mande pou yo voye w repa lakay ou apre w soti nan yon etablisman sante.	Jiska de repa pa jou pandan yon maksimòm sèt jou pou manm ki fèk soti lopital yo akoz yon pwoblèm sante medikal. Yo gendwa pwolonje sèvis sa a si direktè medikal la otorize sa.	Wi
Sèvis enfimyè/ èd sante lakay	Sèvis ki ka ede w fè aktivite ou bezwen fè chak jou yo, tankou benyen, met rad sou ou ak manje.	Jiska 48 vizit pou chak gwosès pou yon èd sante lakay. Se manm ki nan yon gwosès ak gwo risk e ki ranpli kondisyon plan an bay sou sèvis ki nesesè pou rezon medikal sèlman ki ka resevwa sèvis sa a, lèfini yo bezwen yon preskripsyon doktè a pou sa.	Wi
Vizit lakay nan men yon travayè sosyal klinik	Sèvis pou bay sipò ak enfòmasyon k ap ede fi ki nan yon gwosès ak gwo risk pou yo amelyora kalite lavi yo.	Yon maksimòm 24 vizit pa ane pou manm ki nan yon gwosès ak gwo risk, lèfini yo bezwen yon preskripsyon doktè a pou sa.	Wi
Èd pou jwenn yon kay	Èd pou manm ki nan yon gwosès ak gwo risk pou yo jwenn resous kominotè k ap ede yo jwenn yon kote pou yo rete.	Èd pou jwenn resous kominotè k ap ede w jwenn yon kote pou w rete ak altènativ nan domèn sa a. Maksimòm \$500 pou tout lavi a pou jwenn yon altènativ nan domèn lojman pandan yon peryòd tranzisyon. Se sèlman manm ki gen yon gwosès ak gwo risk e ki pa gen kote pou yo rete ki ka benefisyé yon asistans finansye.	Wi
Tretman entansif san pasyan an pa entène	Sèvis tretman san pasyan an pa entène nan yon pwogram pou abi sibstans ki gen reyinyon twa jou pa semèn pandan twazèdtan chak jou.	San limit.	Wi

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Masoterapi	Terapi pou tretman doulè a. Leplisouvan, se avèk men l ak dwèt li terapet la fè masaj la.	Yon maksimòm 12 vizit chak ane pou masaj medikal nan men yon masoterapet oswa yon chiropraktè ki fè pati rezo a.	Yon otorizasyon alavans nesesè pou yon fizyoterapet. Otorizasyon alavans lan pa nesesè pou yon chiropraktè.
Repa lè ou itilize yon transpò san ijans nan menm jounen an	Sèvis sa a ranbouse w pou sa repa yo koute lè w gen pou soti lakay ou pou ale nan yon randevou medikal.	Gen yon limit \$50 pa jou ak yon maksimòm \$250 pou ane a.	Wi
Founiti medikal	Founiti medikal se bagay ki sipoze sèvi yon sèl fwa. Moun nan sipoze jete yo apre l itilize yo.	Ka gen kèk limit selon sèvis la. Rele Coastal Care Services nan 1-855-481-0505 pou jwenn plis enfòmasyon.	Wi
	Pwodui pou enkontinans	200 pa mwa. Ou ka itilize nenpòt konbinezon kòd sa yo, men pou yon maksimòm 200 inite.	Wi: ou bezwen yon rekòmandasyon jesyon dosye
Sèvis lakay ki gen rapò ak sante		Yon sèvis netwayaj tapi pou ede adilt yo kontwole opresyon yo.	Wi
Tretman asiste ak medikaman	Yon pwogram anba lisans ki bay medikaman pou soulaje sentòm sevraj ki parèt akoz dwòg oswa alkòl, ansanm ak konsèy pwofesyonèl pou bay pasyan an sipò.	San limit.	Non
Sikonsizyon tibebe	Yon operasyon ou gen posiblite fè pou tigason w ki fèk fèt la.	Li disponib pandan w lopital toujou ak kay pwofesyonèl sante w la sou 90 jou apre nesans lan.	Wi, si bebe a gen plis pase 90 jou

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Konsèy an rapò ak alimantasyon	Sèvis sa a ba w enfòmasyon sou manje ki bon pou w yo selon eta sante w. Sèvis sa yo ka ede fè bon chwa lè w ap achte manje e yo ka aprann ou fèk fason pou w prepare manje sa yo lakay ou.	San limit.	Non
Ègoterapi	Sèvis ègoterapi pou adilt.	Yon evalyasyon inisyal ak yon nouvo evalyasyon chak ane. Jiska sèt inite tretman pa semèn.	Wi
Medikaman/founiti san preskripsyon	Sèvis sa a pèmèt ou jwenn founiti sante ak bagay tankou aspirin, vitamin, atik premye sekou ak medikaman pou tous la.	\$25 chak mwa, pou chak fwaye. Manm nan ka achte pwodui ki apwouve yo sèlman.	Non
Fizyoterapi	Sèvis fizyoterapi pou adilt.	Yon evalyasyon ak yon nouvo evalyasyon chak ane. Jiska sèt tretman terapi pa semèn.	Wi
Vizit prenatal/perinatal	Vizit pandan gwosès la anvan ak apre akouchman an.	San limit.	Wi Pou jwenn yon otorizasyon pou ponp pou bay tete ki wo nivo yo ba w lakay ou, tanpri kontakte Coastal Care Services nan 1-855-481-0505
Vizit swen primè (adilt ki pa ansent yo)	Vizit kay PCP w.	San limit.	Non

Sèvis	Deskripsyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Inaloterapi	Sèvis inaloterapi pou adilt.	Yon evalyasyon ak yon nouveau evalyasyon chak ane. Yon vizit inaloterapi pa jou.	Non
Òtofoni	Sèvis òtofoni pou adilt.	Yon vizit evalyasyon chak ane.	Wi
Kou natasyon (pou anpeche moun neye)	Kou pou aprann timoun naje e pou montre yo ki jan pou yo rete an sekirite bò dlo.	Nan chak mwa avril, ap gen yon peryòd enskripsyon ouvè pou jiska 1000 timoun. N ap anonse peryòd enskripsyon ouvè a nan ti liv pou manm yo, sou sit Entènèt plan an ak nan lèt nou voye pa lapòs. N ap peye jiska \$200 pou chak timoun pou yon ajans oswa pou yon enstriktè sètifye plan an apwouve.	Wi
Terapi (atistik)	Aktivite kreyatif, tankou desen ak penti, nan kad tretman w lan.	Jiska sèt sesyon pa ane san pasyan an pa entène.	Wi
Terapi (monte cheval)	Monte cheval ak yon pwofesyonèl sante konpòtmantal nan kat tretman w lan.	Jiska twa sesyon pa ane pou manm ki gen yon pwoblèm abi sibstans oswa yon pwoblèm sante kwonik nan kad pwogram jesyon swen an.	Wi
Terapi (gwoup)	Terapi pou yon gwoup moun ak yon pwofesyonèl sante mantal.	San limit.	Non
Terapi (endividyèl/familyal)	Fòmasyon ak sèvis edikasyon sou fason pou jere pwoblèm sante mantal k ap andikape manm nan.	San limit.	Non

Sèvis	Deskripsiyon	Sa nou peye pou li ak limit (si w resevwa sèvis sa yo nan men yon pwofesyonèl oswa yon etablisman sante ki pa fè pati rezo AmeriHealth Caritas Florida la, ou ka gen pou peye pou sèvis sa a)	Otorizasyon alavans
Terapi (ti bët)	Volontè ak ti bët yo pou ede w nan tretman oswa terapi w la.	Jiska twa sesyon pa ane pou manm ki nan pwogram jesyon swen an pou yon pwoblèm sante kwonik. Pasyan an ka resevwa swen pandan li entène sèlman si l nan sant swen entansif lopital la pou l resevwa yon tretman.	Wi
Sèvis terapi sante konpòtmantal kote pasyan an rete a	Sèvis yon ekip bay moun ki gen pwoblèm sante konpòtmantal pou yo pa oblige entène nan yon lopital oswa nan yon lòt etablisman sante.	San limit.	Non
Jesyon dosye sible	Sèvis sa a ede w jwenn sèvis swen sante ak sante konpòtmantal.	San limit.	Non
Vaksen (TDaP)	Yon vaksen pou ede fi ki ansent yo rete an sante pandan gwosès yo.	Yon vaksen pou chak gwosès.	Non
Vaksen (grip)	Yon vaksen pou ede w gen mwens chans pou w pran grip la.	Yon vaksen pa ane pou chak moun ki enskri.	Non
Vaksen (zona (saranpyon – zostè))	Yon vaksen pou ede w gen mwens chans pou w pran zona.	Adilt ki enskri yo ki te gen saranpyon deja, selon enstriksyon doktè a.	Non
Vaksen (nemoni (nemokòk))	Yon vaksen pou ede w gen mwens chans pou w pran nemoni.	De vaksen pou tout adilt ki gen 65 an oswa plis e pou tout manm ki gen ant 21 ak 64 an e ki gen yon pwoblèm sante patikilye, selon pwogram vaksinasyon Sant antipwazon an (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ki anvigè a. Moun nan sipoze tann omwen ennan ant chak vaksen.	Non
Egzonerasyon ko-peman	Ou pap gen okenn ko-peman sou sèvis ou ka resevwa yo anba plan sante a.	Tout sèvis ki mache ak yon ko-peman selon règ 59G-1.056, FAC.	Non

Seksyon 13: Satisfaksyon manm yo

Plent, doleyans ak apèl plan yo

Nou ta renmen pou w santi w satisfè ak nou ansanm ak swen ou resevwa yo nan men pwofesyonèl sante nou yo. Si nou menm oswa pwofesyonèl sante nou yo fè yon bagay ki pa satisfè w, fè nou konn sa tousuit. Sa gen ladan I si w pa dakò ak yon desizyon nou te pran.

Sa w kapab fè:	Sa nou pral fè:	
<p>Si w pa satisfè ak nou oswa ak pwofesyonèl sante nou yo, ou gen posiblite depoze yon plent.</p>	<p>Ou ka:</p> <ul style="list-style-type: none">• Rele nou nenpòt lè. 1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tandem byen yo se 1-855-358-5856)	<p>Nou pral:</p> <ul style="list-style-type: none">• Eseye rezoud pwoblèm ou sou 1 jou biznis.
<p>Si w pa satisfè ak nou oswa ak pwofesyonèl sante nou yo, ou gen posiblite depoze yon doleyans.</p>	<p>Ou ka:</p> <ul style="list-style-type: none">• Ekri nou oswa rele nou nenpòt lè.• Rele nou pou mande plis tan pou rezoud doleyans ou si w panse sa te ka ede w. <p>AmeriHealth Caritas Florida P.O. Box 7368 London, KY 40742</p> <p>1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tandem byen yo se 1-855-358-5856)</p>	<p>Nou pral:</p> <ul style="list-style-type: none">• Egzamine doleyans ou epi voye w yon lèt pou fè w konnen ki desizyon nou pran sou 90 jou. <p>Si nou bezwen plis tan pou rezoud doleyans lan, men sa n ap fè:</p> <ul style="list-style-type: none">• Voye w yon lèt k ap esplike w pou ki rezon nou bezwen plis tan e k ap fè w konnen ki dwa ou genyen si w pa dakò.
<p>Si w pa dakò ak yon desizyon nou te pran konsènan sèvis ou yo, ou gen posiblite mande yon apèl.</p>	<p>Ou ka:</p> <ul style="list-style-type: none">• Ekri nou oubyen rele nou epi ekri nou annapre, sou 60 jou apre dat nou te pran desizyon an sou sèvis ou yo.• Mande pou toujou resevwa sèvis ou yo sou 10 jou apre dat ou te resevwa lèt nou an, si sa nesesè. Gen kèk règ ki ka aplike. <p>AmeriHealth Caritas Florida P.O. Box 7368 London, KY 40742</p> <p>1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tandem byen yo se 1-855-358-5856)</p>	<p>Nou pral:</p> <ul style="list-style-type: none">• Voye w yon lèt sou 5 jou biznis pou fè w konne nou te resevwa apèl ou a.• Ede w ranpli fòm ki nesesè yo.• Egzamine apèl ou epi voye w yon lèt pou reponn ou sou 30 jou.

Sa w kapab fè:	Sa nou pral fè:	
<p>Si w panse tann ou bezwen tann 30 jou te ka mete sante w an danje, ou gen posiblite mande yon apèl akselere, oswa yon apèl "rapid".</p>	<p>Ou ka:</p> <ul style="list-style-type: none"> Ekri nou oubyen rele nou sou 60 jou apre dat nou te pran desizyon an sou sèvis ou yo. <p>AmeriHealth Caritas Florida P.O. Box 7368 London, KY 40742</p> <p>1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tandem byen yo se 1-855-358-5856)</p>	
<p>Si w pa dakò ak desizyon nou te pran konsènan apèl la, ou gen posiblite mande yon odisyon ekitab nan men Medicaid.</p>	<p>Ou ka:</p> <ul style="list-style-type: none"> Voye yon lèt bay biwo odisyon ekitab yo nan Ajans pou administrasyon swen sante a (Agency for Health Care Administration Office of Fair Hearings). Mande nou yon kopi dosye medikal ou. Mande pou toujou resevwa sèvis ou yo sou 10 jou apre dat ou te resevwa lèt nou an, si sa nesesè. Gen kèk règ ki ka aplike. <p><i>**Ou sipoze fini pwosesis apèl la anvan w ka benefisyè yon odisyon ekitab nan men Medicaid.</i></p>	<p>Nou pral:</p> <ul style="list-style-type: none"> Ba w yon repons sou 48 èdtan apre nou resevwa demann ou an. Rele w nan menm jou a si nou pa dakò pou n di ou bezwen yon apèl rapid epi voye w yon lèt sou 2 jou. <p>Nou pral:</p> <ul style="list-style-type: none"> Ba w transpò pou w ale nan odisyon ekitab Medicaid la, si sa nesesè. Rekòmanse ba w sèvis ou yo si leta dakò avè w. <p>Si w te kontinye resevwa sèvis yo, lèfini desizyon final la pa dakò avè w, nou gendwa mande w peye pou sèvis sa yo.</p>

Apèl plan rapid

Si nou refize demann ou fè pou yon apèl rapid, n ap sèvi ak delè nòmal la, sètadi 30 jou, pou apèl ou a. Si w pa dakò ak desizyon nou te pran pou n pa ba w yon apèl rapid, ou ka rele nou pou depoze yon doleyans.

Odisyon ekitab nan men Medicaid (pou benefisyè Medicaid yo)

Pou mande yon odisyon ekitab nenpòt lè jiska 120 jou apre w resevwa yon avi sou yon desizyon pou yon apèl plan, ou ka rele oswa ekri nan adrès sa a:

Agency for Health Care Administration
Medicaid Fair Hearing Unit
P.O. Box 60127
Fort Meyers, FL 33906

1-877-254-1055 (nimewo apèl gratis)

1-239-338-2642 (faks)

MedicaidFairHearingUnit@ahca.myflorida.com

Si w mande yon odisyon ekitab pa ekri, tanpri bay enfòmasyon sa yo:

- Non w.
- Nimewo manm ou.
- Nimewo idantifikasyon Medicaid ou.
- Yon nimewo telefòn pou nou kontakte w oswa pou nou kontakte reprezantan w.

Ou ka voye enfòmasyon sa yo tou si w genyen yo:

- Rezon ki fè ou panse nou ta dwe chanje desizyon an.
- Nenpòt enfòmasyon medikal pou kore demann nan.
- Moun ki pou ede w jere odisyon ekitab la.

Lè Ajans lan resevwa demann odisyon ekitab ou a, l ap voye w yon lèt pou fè w konnen li resevwa demann sa a. Yon moun ki responsab odisyon yo e ki travay pou eta a pral egzamine desizyon nou te pran an.

Si w se yon benefisyè Title XXI MediKids, ou pa gen posiblite mande yon odisyon ekitab.

Egzamen eta a (pou benefisyè MediKids yo)

Lè w mande yon egzamen, yon moun ki responsab odisyon yo e ki travay pou eta a pral egzamine desizyon nou te pran an pandan apèl plan an. Ou ka mande eta a egzamine dosye a nenpòt lè jiska 30 jou apre w resevwa avi a. **Ou sipoze fini ak pwoesis apèl la dabò.**

Pou mande eta a egzamine dosye w, ou ka rele oswa ekri nan adrès sa a:

Agency for Health Care Administration
P.O. Box 60127
Fort Myers, FL 33906

1-877-254-1055 (nimewo apèl gratis)

1-239-338-2642 (faks)

MedicaidHearingUnit@ahca.myflorida.com

Lè Ajans lan resevwa demann ou a, l ap voye w yon lèt pou fè w konnen li resevwa demann sa a.

Pou benefisyè Medicaid yo kontinye resevwa avantaj yo

Si sèvis ou t ap resevwa yo sipoze vin mwens, si yo sipoze sispann oswa si yo sipoze anile, ou gen dwa pou toujou resevwa sèvis sa yo jiskaske w resevwa yon desizyon final nan kad **apèl plan** an oswa nan kad **odisyon ekitab Medicaid** la. Si w kontinye resevwa sèvis ou yo, pap gen chanjman nan sèvis sa yo jiskaske w resevwa yon desizyon final.

Si w kontinye resevwa sèvis yo, lèfini desizyon nou an pa dakò avè w, nou gendwa mande w peye pou pri sèvis sa yo. Nou pap retire avantaj Medicaid ou yo nan men w. Nou pa gen dwa pou n mande yon fanmi w oswa reprezantan legal ou peye pou sèvis yo.

Pou kontinye resevwa sèvis ou yo pandan apèl la oswa pandan odisyon ekitab la, ou dwe depoze apèl la epi mande kontinye resevwa sèvis ou yo nan delè sa a:

- 10 jou apre w resevwa yon avi sou yon desizyon defavorab pou avantaj (Notice of Adverse Benefits Determination, NABD), oswa, si dat sa a tonbe pi ta,
- Nan premye jou sèvis ou yo sipoze diminye, sispann oswa fini nèt, oswa anvan dat sa a.

Seksyon 14: Dwa w yo antanke manm

Antanke moun k ap benefisyé Medicaid e antanke manm plan nou an, ou gen yon seri dwa. Ou gen dwa pou:

- Yo trete w avèk respè ak politès.
- Yo toujou konsidere e respekte diyite w ak lavi prive w.
- Resevwa yon repons ki rapid e ki itil lè w poze kesyon oswa lè w fè demann.
- Konnen kiyès k ap ba w sèvis medikal ak kiyès ki responsab swen w yo.
- Konnen ki sèvis ki disponib pou manm yo, tankou si gen sèvis entèprèt ki disponib pou moun ki pa pale anglè.
- Konnen ki règ ak ki lwa ki sipoze dirije konpòtman w.
- Resevwa enfòmasyon ki fasil pou konprann sou dyagnostik ou, tretman ou bezwen an, diferan chwa ou genyen an rapò ak tretman an, risk ki mache ak tretman yo, ak fason tretman sa yo pral ede w.
- Fè chwa an rapò ak swen sante w yo epi refize nenpòt tretman, sof si lalwa di yon lòt bagay.
- Resevwa tout enfòmasyon ki disponib yo sou lòt fason ou ka peye pou swen sante w yo.
- Konnen si pwofesyonèl sante a oswa etablisman sante a aksepte tarif Medicare asiyen an.
- Jwenn enfòmasyon sou sa yon sèvis gendwa koute w anvan w resevwa sèvis la.
- Resevwa yon kopi tout bòdwo epi jwenn esplikasyon sou kòb yo mande sou li a.
- Jwenn yon tretman medikal oswa yon èd espesyal pou moun ki andikape, kèlkeswa ras ou, peyi kote w soti a, reliyon w, andikap ou oswa kote w jwenn kòb pou peye a.
- Resevwa yon tretman pou yon ijans sante ki t ap vin pi mal si w pa t resevwa tretman sa a.
- Konnen si tretman medikal la pral sèvi pou yon etid rechèch medikal epi aksepte oswa refize patisipe nan jan de etid rechèch sa yo.
- Depoze yon plent lè yo pa respekte dwa w yo.

- Mande opinyon yon lòt doktè lè w pa dakò ak sa doktè w di a (dezyèm opinyon medikal).
- Resevwa yon kopi dosye medikal ou epi mande yo ajoute oswa korije enfòmasyon ki sou dosye w la, si sa nesesè.
- Yo respekte konfidansyalite dosye medikal ou epi pou yo pataje I sèlman lè lalwa mande sa oswa si w bay otorizasyon w pou sa.
- Deside ki jan ou ta renmen pou yo pran desizyon medikal ki afekte w si w pa ta ka pran yo poukонт ou (dokiman enstriksyon medikal alavans).
- Depoze yon doleyans pou nenpòt bagay, depi se pa yon desizyon plan an pran konsènan sèvis ou yo.
- Fè apèl pou yon desizyon plan an pran konsènan sèvis ou yo.
- Resevwa sèvis nan men yon pwofesyonèl sante ki pa fè pati plan nou an (ki deyò rezo a) si nou pa ka jwenn yon pwofesyonèl sante ki fè pati plan nou an.
- Pale lib sou swen sante w yo ak sou sa ki trakase w san w pa sibi move konsekans pou sa.
- Egzèse dwa w yo lib san w pa sibi move tretman nan men plan an ni nan men pwofesyonèl sante ki fè pati rezo a.
- Pèsonn pa mete restriksyon sou ou ni fèmen w okenn kote pou fòse w fè yon bagay, pou discipline w, poutèt sa pi fasil pou lòt moun oswa pou fè revanj sou ou.
- Mande epi resevwa yon kopi dosye medikal ou yo, epi mande pou yo modifie yo oswa pou yo korije yo.

Seksyon 15: Responsablite w yo antanke manm

Antanke moun k ap benefisyé Medicaid e antanke manm plan nou an, ou gen yon seri responsablite tou. Ou gen responsablite pou:

- Bay enfòmasyon ki kòrèk sou sante w bay plan w ak pwofesyonèl sante w yo.
- Fè pwofesyonèl sante w la konnen nenpòt bagay ki chanje bridsoukou nan eta sante w.
- Pale ak pwofesyonèl sante w la pou byen konprann sa ki dwe fèt ak sa I ap tann nan men w.
- Koute pwofesyonèl sante w la, suiv enstriksyon I yo epi poze I kesyon.
- Respekte randevou w yo oswa avèti pwofesyonèl sante w la si w pa ka ale nan yon randevou.
- Aksepte responsablite w pou aksyon w yo si w ta refize yon tretman oswa si w pa ta suiv enstriksyon pwofesyonèl sante w la ba w yo.
- Asire w ou peye pou tout sèvis plan an pa peye pou yo ou ta resevwa.
- Respekte règ ak reglemantasyon etablisman sante a bay sou konpòtman moun yo.
- Trete pèsonèl medikal la ak respè.

- Fè nou konnen nenpòt pwoblèm ou ta rankontre ak pèsonèl medikal la.
- Ale nan sal ijans lan sèlman si se toutbon sitiyasyon an ijan.
- Fè jesyonè dosye w konnen nenpòt chanjman ki fèt nan enfòmasyon w yo (adrès, nimewo telefòn, elatriye).
- Mete sou pye yon plan ijans epi itilize plan sa a si sa nesesè pou sekirite w.
- Rapòte nenpòt fwod, abi oswa peman eksesif ou ta remake.

Seksyon 16: Lòt enfòmasyon ki enpòtan

Responsablite pasyan an pou sèvis swen alontèm (LTC) oswa pou sèvis ospis

Si w resevwa sèvis LTC oswa sèvis ospis, ou ka gen pou peye yon “depans pataje” pou sèvis ou yo chak mwa. Yo rele depans pataje sa a “responsablite pasyan an”. Depatman timoun ak fanmi an (Department of Children and Families, DCF) pral voye w yon lèt lè ou vin kalifye (oswa pou fè w konnen si gen chanjman ki fèt) pou sèvis LTC oswa sèvis ospis Medicaid. Lèt sa a rele “Avi aksyon sou dosye” oswa “NOCA” (Notice of Case Action). Lèt NOCA a pral fè w konnen dat ou kalifye yo ak kantite kòb ou gen pou peye etablisman an kote ou abite a, si w abite nan yon etablisman, pou depans pataje w la pou sèvis LTC yo oswa sèvis ospis yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou responsablite pasyan an, rele DCF nan nimewo gratis **1-866-762-2237** oswa ale sou sit Entènèt DCF la nan <https://www.myflfamilies.com/service-programs/access/medicaid.shtml> (desann nan seksyon Medicaid for Aged or Disabled, epi chwazi dokiman ki gen tit “SSI-Related Fact Sheets”).

Pwoteksyon pou pwofesyonèl sante ki Endyen (IHCO)

Amerendyen yo ak moun natif Alaska yo pa gen pou yo peye okenn depans pataje pou sèvis yo bay oswa yo resevwa nan men yon IHCP oubyen ki rekòmande anba yon sèvis sante sou kontra.

Plan katastwòf pou ka ijans

Yon katastwòf ka rive nenpòt lè. Li enpòtan pou w prepare pou pwoteje tèt ou ak fanmi w. Gen twa bagay ou ka fè pou prepare w pou yon katastwòf. 1) Chèche enfòmasyon. 2) Mete sou pye yon plan. 3) Prepare yon kit. Pou jwenn èd pou mete sou pye plan katastwòf pou ka ijans lan, rele ekip sèvis pou manm yo oswa jesyonè dosye w la. Divisyon Florid pou jesyon ijans yo (Florida Division of Emergency Management) ka ede w mete sou pye plan w lan tou. Ou ka rele l nan **1-850-413-9969** oswa ale sou sit Entènèt li nan adrès www.floridadisaster.org.

Konsèy pou evite fwod ak abi Medicaid:

- PA bay pèsonn enfòmasyon pèsonèl ou yo, tankou nimewo Medicaid ou, sof si se yon pwofesyonèl sante ou fè konfyans.

- Mefye w ak nenpòt moun ki ofri w lajan, ki vle ba w yon sèvis medikal gratis oswa bon mache, oswa ki ofri w yon kado pou jwenn enfòmasyon Medicaid ou yo.
- Fè atansyon ak moun ki vin vizite w lakay ou oswa ki ba w yon koutfil ou pa t mande.
- Fè atansyon ak lyen ki nan mesaj tèks oswa ki nan imèl ou pa t mande, oswa ki sou rezo sosyal yo.

Fwod/abi/peman eksesif nan pwogram Medicaid

Pou rapòte yon ka fwod ak/oswa abi nan kad pwogram Florida Medicaid la, rele liy asistans gratis pou plent konsomatè yo nan **1-888-419-3456** oswa ranpli fòm plent pou fwod ak abi Medicaid la, ki disponib sou Entènèt nan adrès: <https://apps.ahca.myflorida.com/mpi-complaintform>.

Epitou, ou ka kontakte liy asistans gratis pou fwod AmeriHealth Caritas Florida a nan **1-866-833-9718** rapòte nou dirèkteman nenpòt ka fwod ak abi.

Abi/neglijans/esplwatasyon moun

Pèsonn pa ta dwe janm trete w mal. Li pa janm akseptab pou yon moun frape w oswa pou yon moun fè w pè. Ou ka pale ak PCP w oswa ak jesyonè dosye w sou sa w santi a.

Si w santi yo maltrete w oswa yo neglige w, ou ka rele liy asistans pou abi yo nan **1-800-96-ABUSE (1-800-962-2873)** oswa nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo, ki se **1-800-955-8771**.

Ou ka rele liy asistans lan tou si w konnen yon lòt moun k ap sibi move tretman.

Vyolans nan fanmi se abi tou. Men kèk konsèy pou rete an sekirite:

- Si w blese, rele PCP w la.
- Si w bezwen swen ijans, rele **911** oswa ale nan lopital ki pi pre w la. Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte seksyon sou swen ijans yo.
- Met sou pye yon plan pou ale yon kote ki gen sekirite (kay yon zanmi oswa yon fanmi).
- Prepare yon ti valiz epi remèt yon zanmi w li pou I kenbe I pou ou.

Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd, tanpri rele liy asistans nasyonal pou vyolans nan fanmi an nan nimewo gratis **1-800-799-7233 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-800-787-3224)**.

Enstriksyon medikal alavans

Yon **enstriksyon medikal alavans** se yon dokiman ki ekri oswa yon deklarasyon nan bouch pou fè konnen ki jan w ta renmen pou yo pran desizyon medikal si w pa ta ka pran yo poukонт ou. Gen moun ki prepare yon dokiman enstriksyon medikal alavans lè yo malad anpil oswa lè yo prèske pa gen tan k rete pou yo viv. Gen lòt moun ki prepare enstriksyon medikal alavans sa yo pandan yo toujou an sante. Ou ka chanje lide epi pote chanjman nan dokiman sa yo nenpòt lè. Nou ka ede w jwenn dokiman sa yo e nou ka ede w konprann yo tou. Yo pa chanje dwa ou genyen pou w benefisyé bonjan avantaj swen sante. Sèl objektif yo se fè lòt moun konnen sa w ta renmen si w pa ka pale poukонт ou.

1. Testaman devi.
2. Nominasyon yon reprezantan pou swen sante.
3. Don anatomik (ògàn oswa tisi).

Ou ka telechaje yon fòm enstriksyon medikal alavans sou sit Entènèt sa a oswa ou ka rele nan **855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-855-358-5856)**: <http://www.floridahealthfinder.gov/reports-guides/advance-directives.aspx>.

Asire w yon lòt moun, tankou PCP w, avoka w, yon manm fanmi w oswa jesyonè dosye w, konnen ou gen yon dokiman enstriksyon medikal alavans ak ki kote li ye.

Si lalwa chanje konsènan enstriksyon medikal alavans yo, n ap fè w konn sa sou 90 jou. Ou pa oblige gen yon dokiman enstriksyon medikal alavans si w pa vle sa.

Si pwofesyonèl sante w la pa respekte enstriksyon medikal alavans ou yo, ou ka depoze yon plent bay ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tande byen yo se 1-855-358-5856)** oswa ou ka depoze yon plent bay Ajans lan nan **1-888-419-3456**.

Fason pou w jwenn plis enfòmasyon

Ou gen dwa pou mande plis enfòmasyon. Rele ekip sèvis pou manm yo oswa mande jesyonè dosye w la ki kalite enfòmasyon ou ka resevwa gratis. Men kèk egzanp:

- Dosye manm ou.
- Yon dokiman ki dekri fason nou travay.
- Pou konpare rezulta nou jwenn selon zouti Healthcare Effectiveness Data and Information Set (HEDIS®) ak lòt plan swen jere Medicaid nan eta a, ale sou ahca.myflorida.com/Medicaid/quality_mc/submission.shtml.

Seksyon 17: Lòt resous

Floridahealthfinder.gov

Ajans lan pran yon angajman nan kad misyon I lan, ki se bay “pi bon swen sante pou tout moun ki abite Florid”. Ajans lan kreye yon sit Entènèt, **www.FloridaHealthFinder.gov**, kote w ap jwenn enfòmasyon sou ajans ki bay swen sante kay pasyan yo, etablisman swen enfimye, etablisman swen asiste, sant chirijikal anbilatwa ak lopital ki nan eta Florid la. W ap jwenn kalite enfòmasyon sa yo sou sit Entènèt la:

- Enfòmasyon ki ajou sou lisans yo.
- Rapò enspeksyon.
- Aksyon lajistik.
- Rezulta sante.
- Pri.
- Mezi pèfòmans.
- Bwochi pou bay konsomatè yo enfòmasyon.
- Testaman devi.
- Evalyasyon pèfòmans nan domèn kalite, tankou rezulta sondaj sou satisfaksyon manm yo.

Ajans lan jwenn enfòmasyon nan men tout plan yo sou diferan mezi pèfòrmans ki gen rapò ak nivo kalite manm yo benefisyé nan swen plan yo bay yo. Mezi sa yo pèmèt publik la konprann jis nan ki pwen plan yo rive satisfè bezwen manm yo. Pou wè rapò evalyasyon yo prepare pou plan an, tanpri ale sou <https://www.floridahealthfinder.gov/HealthPlans/Default.aspx>. Ou ka wè enfòmasyon yo pou chak plan oswa ou ka wè yo pou tout plan yo ansam.

Init pou lojman granmoun yo

Init pou lojman granmoun yo (Elder Housing Unit) bay adilt ki aje yo ak lidè kominotè yo enfòmasyon ak yon asistans teknik nan domèn lojman ki bon mache e pou ede yo chwazi yon etablisman swen asiste. Depatman Florid pou afè granmoun yo (Florida Department of Elder Affairs) gen yon sit Entènèt ki prezante yon seri enfòmasyon sou etablisman swen asiste, mezon retrèt, sant gadri pou granmoun ak etablisman swen enfimye nan <http://elderaffairs.state.fl.us/doea/housing.php> e ki gen lyen pou moun jwenn lòt resous nan men gouvènman federal la ak gouvènman eta a.

Enfòmasyon sou MediKids

Pou jwenn enfòmasyon sou pwogram MediKids la, tanpri ale sou: https://ahca.myflorida.com/medicaid/Policy_and_Quality/Policy/program_policy/FLKidCare/MediKids.shtml

Sant resous pou granmoun ak moun ki andikape yo

Pou jwenn plis enfòmasyon ak èd sou avantaj eta a ak avantaj federal yo, sou pwogram ak sèvis lokal yo, sou sèvis legal ak prevansyon krim, sou planifikasyon revni ak opòtinite edikasyon, ou mèt kontakte Sant resous pou granmoun ak moun ki andikape yo (Aging and Disability Resource Center).

Seksyon 18: Fòm

LIVING WILL

Declaration made this _____ day of _____, (20____), I _____, willfully and voluntarily make known my desire that my dying not be artificially prolonged under the circumstances set forth below, and I do hereby declare that, if at any time I am incapacitated and:

_____ (initial) I have a terminal condition, or

_____ (initial) I have an end stage condition, or

_____ (initial) I am in a persistent vegetative state, and if my primary physician and another consulting physician have determined that there is no reasonable medical probability of my recovery from such a condition, I direct that life-prolonging procedures be withheld or withdrawn when the application of such procedures would serve only to prolong artificially the process of dying, and that I be permitted to die naturally with only the administration of medication or the performance of any medical procedure deemed necessary to provide me with comfort care or to alleviate pain.

It is my intention that this declaration be honored by my family and physician as the final expression of my legal right to refuse medical or surgical treatment and to accept the consequences for such refusal.

In the event that I have been determined to be unable to provide express and informed consent regarding the withholding, withdrawal, or continuation of life-prolonging procedures, I wish to designate, as my surrogate to carry out the provisions of this declaration:

Name: _____

Address: _____

Phone: _____

I understand the full import of this declaration, and I am emotionally and mentally competent to make this declaration.

Additional Instructions (optional):

Page 1 of 2

Witness Signatures:

____ Signature
____ Printed Name
____ Address
____ Phone

____ Signature
____ Printed Name
____ Address
____ Phone

DESIGNATION OF HEALTH CARE SURROGATE

I, _____, designate as my health care surrogate under S. 765.202, Florida Statutes:

Name: _____

Address: _____

Phone: _____

If my health care surrogate is not willing, able, or reasonably available to perform his or her duties, I designate as my alternate health care surrogate:

Name: _____

Address: _____

Phone: _____

INSTRUCTIONS FOR HEALTH CARE

I authorize my health care surrogate to: (Initials required in blank spaces below.)

____ Receive any of my health information, whether oral or recorded in any form or medium, that:

1. Is created or received by a health care provider, health care facility, health plan, public health, employer, life insurer, school or university, or health care clearinghouse; and
2. Relates to my past, present, or future physical or mental health or condition; the provision of health care to me; or the past, present, or future payment for the provision of health care to me.

I further authorize my health care surrogate to:

____ Make all health care decisions for me, which means he or she has the authority to:

3. Provide informed consent, refusal of consent, or withdrawal of consent to any and all of my health care, including life-prolonging procedures.
4. Apply on my behalf for private, public, government, or veteran's benefits to defray the cost of health care.
5. Access my health information reasonably necessary for the health care surrogate to make decisions involving my health care and to apply for benefits for me.
6. Decide to make an anatomical gift pursuant to part V of chapter 765, Florida Statutes.

Specific instructions and restrictions:

While I have decision making capacity, my wishes are controlling and my physician and health care providers must clearly communicate to me the treatment plan or any change to the treatment plan prior to its implementation.

To the extent that I am capable of understanding, my health care surrogate shall keep me reasonably informed of all decisions that he or she has made on my behalf and matters concerning me.

This health care surrogate designation is not affected by my subsequent incapacity except as provided in Chapter 765, Florida Statutes.

Pursuant to section 765.104, Florida Statutes, I understand that I may, at any time while I retain my capacity, revoke or amend this designation by:

1. Signing a written and dated instrument which expresses my intent to amend or revoke this designation;
2. Physically destroying this designation through my own action or by that of another person in my presence and under my direction;
3. Verbally expressing my intention to amend or revoke this designation; or
4. Signing a new designation that is materially different from this designation.

My health care surrogate's authority becomes effective when my primary physician determines that I am unable to make my own health care decisions unless I initial either or both of the following boxes:

If I initial this box [_____] my health care surrogate's authority to receive my health information takes effect immediately.

If I initial this box [_____] my health care surrogate's authority to make health care decisions for me takes effect immediately. Pursuant to section 765.204(3), Florida States, any instructions of health care decisions I make, either verbally or in writing, while I possess capacity shall supercede any instructions or health care decisions made by my surrogate that are in material conflict with those made by me.

Signatures: Sign and date the form here:

_____ Date

_____ Sign your name

_____ Address

_____ Print your name

_____ City, State

Signatures of Witnesses:

First Witness

_____ Print name

_____ Address

_____ City, State

_____ Signature

_____ Date

Second Witness

_____ Print name

_____ Address

_____ City, State

_____ Signature

_____ Date

Nou kite pati sa a vid

Uniform Donor Form

The undersigned hereby makes this anatomical gift, if medically acceptable, to take effect on death. The words and marks below indicate my desires:

I give:

(a) _____ any needed organs or parts

(b) _____ only the following organs or parts for the purpose of transplantation, therapy, medical research, or education:

(c) _____ my body for anatomical study if needed. Limitations or special wishes, if any:

Signed by the donor and the following witnesses in the presence of each other:

Donor's Signature _____ Donor's Date of Birth _____

Date Signed _____ City and State _____

Witness _____

Witness _____

Street Address _____

Street Address _____

City _____ State _____

City _____ State _____

You can use this form to indicate your choice to be an organ donor. Or you can designate it on your driver's license or state identification card (at your nearest driver's license office).

Nou kite pati sa a vid

Kat enstriksyon medikal alavans pou bous ou

Health Care Advance Directives

I, _____
have created the following Advance Directives:

- Living Will
 Health Care Surrogate Designation
 Anatomical Donation
 Other (specify) _____

----- FOLD -----

Contact:

Name _____

Address _____

Phone _____

Signature _____ Date _____

Nou kite pati sa a vid

Avi sou entèdiksyon diskriminasyon

Zak diskriminasyon pa ann amoni ak lalwa.

AmeriHealth Caritas Florida dakò ak lwa federal sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks ou. AmeriHealth Caritas Florida pa mete sou kote oswa trete moun lòt jan akoz ras yo, koulè yo, peyi kote yo soti, laj yo, andikap yo oswa sèks yo.

AmeriHealth Caritas Florida:

- Bay moun ki andikape yo asistans ak sèvis gratis pou ede yo kominike fasilman ak nou, tankou:
 - Entèprèt konpetan nan lang siy.
 - Enfòmasyon sou lòt fòma (gwo karaktè, odyo, fòma elektwonik aksesib, lòt fòma ankò).
- Bay moun ki pa fò nan anglè sèvis gratis pou ede yo nan lang pa yo, tankou:
 - Entèprèt konpetan.
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w bezwen jan de sèvis sa yo, kontakte AmeriHealth Caritas Florida nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY pou moun ki pa tandé byen yo se 1-855-358-5856)**. Nou disponib 24 sou 24, 7 sou 7.

Si w panse AmeriHealth Caritas Florida neglije bay sèvis sa yo oswa si w panse AmeriHealth fè yon diskriminasyon kèlkonk sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap oswa sèks, ou ka depoze yon doleyans bay:

- Grievance and Appeals
P.O. Box 7368
London, KY 40742
Telefòn: **1-855-371-8078 (nimewo TTY pou moun ki pa tandé byen yo se 1-855-371-8079)**
Faks: **1-855-358-5847**.
- Ou gen posiblite depoze yon doleyans pa lapòs, nan faks oswa nan telefòn. Si w bezwen èd pou depoze yon doleyans, ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Florida yo disponib pou ede w.

Epitou, ou ka depoze yon plent sou dwa sivil bay Depatman sante ak sèvis sosyal Etazini an, nan Biwo pou dwa sivil yo. Ou ka fè sa pa mwayen elektwonik sou pòtay pou depoze plent bay Biwo pou dwa sivil yo nan adrès **ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf**. Ou ka fè sa tou pa lapòs oswa nan telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue S.W., Room 509F, HHH Building
Washington, DC 20201

1-800-368-1019 (nimewo TTY pou moun ki pa tandé byen yo se 800-537-7697)

W ap jwenn tout fòm ou bezwen pou depoze yon plent nan adrès: <https://www.hhs.gov/ocr/complaints/index.html>.

English: This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 hours a day, seven days a week. If your primary language is not English, or to request auxiliary aids, assistance services are available to you, free of charge.

Spanish: Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Póngase en contacto con nuestro número de servicios al cliente al **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, las 24 horas del día, los siete días de la semana. Si su idioma principal no es el inglés, o necesita solicitar ayudas auxiliares, hay servicios de asistencia a su disposición de forma gratuita.

Haitian Creole: Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang. Tanpri kontakte ekip sèvis kliyan nou an nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Si anglè pa lang manman w oswa si w ta renmen mande yon èd konplémentè, ou ka resevwa sèvis ki gratis pou ede w.

French: Ces informations sont disponibles gratuitement dans d'autres langues. Veuillez contacter notre équipe service clientèle au **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 heures sur 24, sept jours sur sept. Si l'anglais n'est pas votre langue maternelle ou si vous souhaitez demander une aide auxiliaire, des services d'aide sont gratuitement mis à votre disposition.

Russian: Эта информация доступна бесплатно на других языках и в других форматах. Звоните в Отдел обслуживания клиентов по тел. **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)** — круглосуточно и без выходных. Если ваш родной язык не английский или вы хотели бы запросить дополнительную помощь, вы можете воспользоваться бесплатными услугами перевода.

Italian: Queste informazioni sono disponibili gratuitamente in altre lingue. Chiamate il nostro servizio clienti al numero **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)** 24 ore al giorno, sette giorni su sette. Se la vostra prima lingua non è l'inglese, o per richiedere attrezzature di supporto sensoriale, sono disponibili servizi d'assistenza, gratuitamente.

Vietnamese: Thông tin này có sẵn miễn phí ở các ngôn ngữ khác. Vui lòng liên lạc bộ phận dịch vụ khách hàng của chúng tôi theo số **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 giờ một ngày, bảy ngày trong tuần. Nếu ngôn ngữ chính của quý vị không phải là tiếng Anh, hoặc để yêu cầu các thiết bị trợ giúp bổ sung, thì quý vị có thể sử dụng miễn phí các dịch vụ hỗ trợ.

Portuguese: Estas informações estão disponíveis gratuitamente em outros idiomas. Por favor, entre em contato com o nosso serviço de atendimento ao cliente pelo número **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 horas por dia, sete dias por semana. Se o seu idioma principal não for o inglês, ou se você precisar solicitar recursos auxiliares para deficientes, os serviços de assistência estão disponíveis gratuitamente para você.

Chinese Mandarin: 这些信息还免费以其他语言提供。请随时联系我们的客户服务电话 **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**，该电话每周 7 天、每天 24 小时全天候提供服务。如果您的母语不是英语，或者需要请求辅助设备，您可以免费获得援助服务。

Chinese Cantonese: 這份資訊還免費以其他語言提供。請隨時聯絡我們的客戶服務電話 **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**，該電話每周 7 天、每天 24 小時全天候提供服務。如果您的母語不是英語，或者需要請求輔助設備，您可以免費獲得援助服務。

Tagalog: Makukuha nang libre ang impormasyong ito sa mga iba pang wika. Mangyaring makipag-ugnay sa numero ng customer service sa **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 na oras sa isang araw, pitong araw sa isang linggo. Kung hindi Ingles ang inyong pangunahing wika, o upang humiling ng mga kagamitang pantulong, may matatanggap kayong libreng serbisyo sa pagsasalin sa wika.

Arabic: يمكنك الحصول على هذه المعلومات بلغات أخرى مجاناً. لطلب مساعدات وخدمات إضافية يُرجى الاتصال بخدمة العملاء على الرقم **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**، على مدار 24 ساعة في اليوم، سبعة أيام في الأسبوع. تتوفر لك خدمات لغوية مجانية إذا كانت لغتك الأساسية ليست الإنجليزية أو إذا طلبت مساعدات إضافية.

Gen sèvis entèprèt nan plizyè lang

German: Diese Information wird kostenlos in anderen Sprachen angeboten. Bitte setzen Sie sich unter der Rufnummer **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)** mit unserem Kundendienst in Verbindung, der Ihnen an sieben Tagen der Woche 24 Stunden lang zur Verfügung steht. Falls Englisch nicht Ihre Muttersprache ist, können Sie eine kostenlose Sprachhilfe nutzen.

Korean: 본 정보는 다른 언어로도 무료로 제공됩니다. 주 7일 하루 24시간 운영되는 고객 서비스 **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)** 번으로 연락하시기 바랍니다. 영어가 모국어가 아니거나 장애인 보조 장치 및 서비스가 필요하신 경우, 무료로 지원 서비스가 제공됩니다.

Polish: Poniższa informacja jest dostępna bezpłatnie w innych językach i formatach. Prosimy o kontakt z Działem obsługi klienta pod numerem telefonu **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 godziny na dobę, siedem dni w tygodniu. Jeśli angielski nie jest Twoim pierwszym językiem lub w celu uzyskania dodatkowej pomocy, możesz korzystać z bezpłatnej obsługi w tym zakresie.

Gujarati: આ માહિતી મફતમાં અન્ય ભાષાઓમાં ઉપલબ્ધ છે. કૃપા કરીને અમારી ગ્રાહક સેવાના નંબર **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, દિવસમાં 24 કલાક, અઠવાડિયાના સતત દિવસો નો સંપર્ક કરો. જો તમારી પ્રાથમિક ભાષા અંગેજુ નથી, અથવા ઉપયોગિસાધનોની વિનંતી કરવા માટે, તમારા માટે સહાયક સેવાઓ નિઃશુલ્ક ઉપલબ્ધ છે.

Thai: ข้อมูลนี้สามารถใช้ได้ฟรีในภาษาอื่น ๆ โปรดติดต่อหมายเลขบริการลูกค้าของเรารather 24 ชั่วโมงทุกวัน สักดาวหัส 7 วัน หากภาษาหลักของคุณไม่ใช่ภาษาอังกฤษหรือต้องการติดต่อขอรับบริการสตรีมคุณสามารถเข้ารับความช่วยเหลือได้โดยไม่เสียค่าใช้จ่าย

Japanese: この情報は他の言語でも無料でご利用いただけます。年中無休で対応しておりますので、弊社カスタマーサービスのフリーダイヤル **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)** までお問い合わせください。母国語が英語でない場合は、無料のサービスをご利用いただけます。

Nou kite pati sa a vid

Nou kite pati sa a vid



Tout imaj nou itilize anba lisans e se pou ilistre sa n ap di yo nou itilize yo sèlman. Nenpòt moun ki sou imaj sa yo se yon modèl li ye.

ACFL_211135452-1

www.amerihealthcaritasfl.com